makan tuwan marang kanca pribadi,
kepalanya patangpuluh,
nulak sareng umiyat,
radyan eca mandhiri sudhiyeng pupuh,
gya ngabani lurahira,
punggawa mangsah pra sami.

36. Sarta amusthi pedhangnya,
tameng tulup paser miwah cempuling,
sareng mangsah ngroyok purun,
radyan mangesthi pasrah,
Tirtamaya kagunganira dewa gung,
angsalira ing pamunah,
pangruwate satru sekti.

37. Solahnya cikat trengginas,
lir dhedhali esthine nampar warih,
lir pernjak tinaji iku,
lawung kadya kitiran,
prepat kalih tyas maras mring gustinipun,
mring Gusti samar kalintang,
mlaku mundur niba tangi.

38. Menek medhun jengkelitan,
gero-gero radyan sinambat tangis,
srikutan ngusapi kang luh,
kontrang-kantring solahnya,
bengok-bengok ngelu sirah Busungwadhuk,
dherodhogan ngathang-athang,
ngadhangi wadhangi wingi.

39. Kuneng kocapa Rahadyan,
Damarwulan kang antuk sih dewadi,
tarunge kang wadya agung,
marjaya tan tumama,
teguh timbul lir numbak wayanganipun,
kang wadya liris sedaya,
tan ana kang miyatani.

40. Pemalesira Dyan Sangka,
brastha rampung kadya babadan pacing,
ting galimpang ponang gembung,
sirah pating galethak,
pukang-pukang kasingsal sisaning lampus,
lumayu asalang tunjang,
tan ana keri sawiji.

41. Kang kasor prang ngungsi gesang,
cinarita wus tanangga pulih,
tan wangsul mring aslenipun,
samya ngaku wong Jawa,
tur Jawa doh kelawan negaranipun,
desa gung jisim sedaya,

tan ana ingkang ngopeni.

42. Ana ingkang tibeng jurang,
ana keli lamun kentir-ing warih,
warna-warna sirnanipun,
sagunge wadyakuswa,
banderane sawiji tan ana kantun,
wong desa suka sedaya,
weruh barisan wus gusis.

43. Trang prepat pamulatira,
bendarane basuki ingkang jurit,
prapta sarwi gupuh-gupuh,
pan sami tetayungan,
Nayagenggong bola-bali Kalaganjur,
amacucu lunjak-lunjak,
onja-onja jungkir walik.

44. Sebdapalon sareng cedhak,
astanipun raden dipun cekeli,
winanti pangudangipun,
mengkana pangudangnya, nyata bagus daraku pramulanipun,
tan ana kang madhanana,
suwaranira rum manis.

III. DHANDHANGGULA

1. Mula bagus bendaraku iki,
ibu putri ingkang rama putra,
eyang pandhita kinaot,
benjang jumeneng ratu,
angedhaton ing Majapait,
prapta ari wekasan,
sinihan dewa gung,
linulutan pra wanita,
madyapada tan ana ingkang tumandhing,
tuhu musthikaning rat.

2. Saya pantes nyamping kawung picis,
supit-urang cindhe paningsetnya,
tinumpal renda bara byor,
sebak-retna sinawung,
cindhe puspa lancinganeki,
panji-panji gesper mas,
pinatik retna byur,
sangsangan mas sungsun tiga,
harja dhesthar banguntulak rininda di,
kadya Sang Hyang Asmara.

3. Pan pinindha kancing kudhup mlathi,
ngagem timang jlebrah nawaretna,
sinelanan mirah ijo,
wus saya wuwuh-wuwuh,
bagus sira Raden Minantri,
tan ana tumandinga,
ratune wong bagus,
pilih tandhing yen ayuda,
benjang tembe nurunaken para aji,
prapta Pajang Metaram.

4. Pethat asri sumpingya retna di,
kang wangkingan pusakaning rama,

kandelan rinaja werden,
wer kendhit retna gumyur,
pan tinatah kinaturanggi,
mesem Radyan Sesangka,
sarya ngandika rum,
bapa banget trimaningwang,
pangudangmu iya marang awak mami,
kawula boten bisa.

5. Bapa yen wis mengkono den aglis,
apa ingkang dadi purwa sedya,
wus wong selamet atase,
seja nora na laju,
ana teka nora tumitis,
sareng tumindakira,
perpat kalih pungkur,
wirandhungan ing samarga,
sepi titis tan wonten sekawis-kawis,
lestari tindakira.

6. Urut ara-ara wana pinggir,
terataban lare angon kathah,
den ilap-ilap rahaden,
nusup ing Semeru huwus,
wirang tinon ing jalma akih,
kelayu atut wuntat,
lepas tindakipun,
tan ana kacipteng driya,
mung negara tan kendhat denya lumaris,
kendel-kendel yen kala.

7. Lelampahan perlu ingkang tunggil,
tetunggilan lawan dhewekira,
mermanaken mring krahayon,
langgenga kang tinemu,
rasa rupa wus rasa sami,
wrani sajroning kaca,

wus antara jumbuh,
saya kathah kang tumingal,
jalu estri tuwa anom gedhe cilik,
katemban sun tumingal.

8. Ngetutaken dadak klayu mikir,
kang kapara prawan tuwin lanjar,
jirap rentep kon-tinakon,
randha-randha dherak rut,
somahan urut marga,
tembok sami jetung,
sedene samining priya,
saya wirang radyan tindaknya glis-aglis,
dadya prapteng negara.

9. Tan kawarna tindaknya Dyan Mantri,
antarane tindakira prapta,
singasrama paninggale,
pinunggel kandhanipun,
sampun rawuh saketheng kori,
kumepyur raosing tyas,
mangungak mangungun,
direng rakiting negara,
mangun paran ing mangke pangangen dening,
nora nyana yen prapta.

10. Tepis kitha ing etang lan awit,
ing wekasan saestu grahan,
adangu kendelnya raden,
Sebdapalon gya matur,
angaturi prayogi singgih,
tatakramaning praja,
tindake prayagung,
tepa tuladhanutama,
rucatira busananira ing nguni,
sedaya sampun gantya.

11. Gesehira lan busana nguni,

sampun rucat ingkang prajuritan,
negarakrama wujude,
karetep ganti sampun,
gya ingampil parepat kalih,
dhuwung pusaka datan,
rinucat sedarum,
seyub datan ana panas,
ing negara pan ora ana panasing,
ciptanira Dyan Sangka.

12. Langkung dadya karsa Dyan Minantri,
ingkang abdi sagung abusana,
sinimpen brukut tan katon,
lestari tindakipun,
wirandhungan samargi-margi,
tinon ing rantap-rantap,
bareng rame humyung,
mara praptanya tinanya,
tembe wikan gung awuwusana sami,
winarna sang pinutra.

13. Wayang-wayangan denya lumaris,
saking dene kasgu Argamaya,
sri gumebyar pamulune,
Yangyang Asmara nurun,
pan ingiring prepatnya kalih,
radyan satindakira,
kathah gung kadulu,
singa mulat ngengleng, brangta,
cengeng ing tyas lestari luhira mijil,
kesaput ing asmara.

14. Pra wanodya gumrah aningali,
mundreng dungik bakul-sambewara,
lir mati ngadeg ciptane,
ana angusap gelung,
payudara giniling-giling,
ana kang ngemban anak,

pinindha kang mlaku,
meneh ana wade sekar,
rawe-rawe sekare dipun arasi,
nuduh tan wani perak.

IV. ASMARADANA

1. Ya ta wong ing dalem puri,
samya mangintip mring radyan,
supenuh keparak sinom,
cengeng ngengleng kang tumingal,
sagung para wanodya,
lir tan dulu jalma tuhu,
lir Hyang Asmara tumedhak.

2. Ingkang satengah pawestri,
kagugu karasa ing tyas,
saweneh ngambung kancane,
weneh ngusap-usap jaja,
saweneh kirap rikma,
ana ingkang mijet lambung,
kathah solahing wanodya.

3. Ri sedheng kawarna malih,
putrane sang adipatya,
Anjasmara sang lir sinom,
arsa marak ing sudarma,
sareng sapraptanira,
kaget pra cethi gung dulu,
sami mulat tamu prapta,

4. Sang dyah sareng tumut ngintip,
saking ing sajroning wrana,
sareng wus awas warnane,
dhateng Rahadyan Sesangka,
kumesar jroning nala,
gumeter sariranipun,
sakala wus tanpa jiwa.

5. Mimbuh Rahadyan Minantri,
duk matur mring kang sudarma,
arum manis swara sumeh,

gumebyar soroting waja,
lir thathit barung kilat,
ketekira dyah sumawur,
tambuh raosing wardaya.

6. Amawang-mawang kang liring,
liringe Radyan Sesangka,
kadya wulan sameloke,
nglela gumilang kang cahya,
mancur manrus ing tawang,
lir mukswa sing gon sang ayu,
kena ing pangaribawa.

7. Kongas ngasta anarengi,
sumarsana pan ingasta,
wau tan ngantya den enggo,
dadya ingasta kewala,
dhawah datan kerasa,
gya mundur mring dalemipun,
gandrung-gandrung nandhang brangta.

8. Brantanira amilet sih,
sumaput telenging driya,
gya rimong kasemekane,
Retna Dewa Anjasmara,
dahat kunjana papa,
ing sasolah tingkahipun,
biyadaning kepatihan.

9. Tan liya kacipteng galih,
mung Raden Damarsesangka,
wader pari sira raden
kaniaya angsung brangta,
sembung tikta ing tegal,
sun samur meksa kagugu,
satriya ing Paluhamba.

10. Jae wana saupami,

sang ati poyang-payingan,
labete ngetang dheweke,
galepung wilis wadana,
sun lelipur tan kena,
kebo bang kagok kang sungu,
sapira rasaning driya.

11. Kepuh gung awoh kenari,
dhandhang wiring sira radyan,
nging sok aja lunga bae,
radyan saka kapatihan,
yuyu langking samodra,
sun rewangi adol pinjung,
yen darbe sobatan dika.

12. Sangsaya kandhuhan kingkin,
amayang susela brangta,
barang winawang esthane,
satriya kang anyar prapta,
kaesthi ing wardaya,
kumanthil tungtunging jantung,
pamore budi·asmara.

13. Sang dyah gya minggah jinemrik,
gya mujung kampuhnya jingga,
angesep-esep gulingnya,
tan suda raosing driya,
baya karsaning suksma,
sang dyah kebanjiran wuyung,
ginuyang susela brangta.

14. Warnanen rekayana patih,
malih ngandika mring radyan,
iya sun anggep dheweke,
angawula marang ingwang,
pirabara ing benjang,
sira sun paringi lungguh,
dhingin maganga kewala.

15. Nanging yen ingsun anangkil,
sira aja melu seba,
tunggua paseban jaba,
wantu sira anyar prapta,
yen sira tambuh lampah,
yen kepranggulan wong Agung,
ing sira sih mambu desa.

16. Matur nuwun Radyan Mantri,
ki patih malih ngandika,
wong magang iku gawene,
sawewengkoning paseban,
regol lan lelurungan,
poma aja nganti jembrung,
lan sagunge pepethetan.

17. Patuten dipun abecik,
rampasana dipun papak,
aja pegat siramane,
lawan aja sira ngambah,
sajroning pelataran,
sigug tur sira durung wruh.
pratikele wong neng praja.

18. Sandika Radyan Mantri.
kyapatih malih ngandika,
lawan sira ngiras gawe,
ambumeni kori jaba,
lan aja lunga-lunga,
den awas wong mlebu-metu,
lan yen ana wong gegawa.

19. Den nastiti mitakoni,
wruha pakewuheng lampah,
kang jinaga sandining wong,
sira ingkang katempuhan,
sabab wong tunggu lawang,
sedene palagumantung,

sawewengkoning paseban.

20. Cacahna dipun nastiti,
iku gawene wong magang,
titi patitis karyane,
angedohi ing kasukan,
aywa kurang weweka,
karya abot datan kengguḥ,
tan kena gangsuling driya.

21. Saprentah kudu nglakoni,
sedyakena amertapa,
bekekna mring Hywang Suksmanon,
sedene marang manara,
radyan matur sendika,
pan lajeng luwaran sampun,
wus medal Radyan Sesangka.

22. Kepanggih lan prepat kalih,
wus sami uning uninga,
ing kyana patih dhawuhe,
Sebdapalon Genggongnaya,
tandya sareng mirantya,
ngrampas nyorok bersah lurung,
anyirami pepethetan.

23. Wowohan den berongsongi,
kareneng dinulu sinang,
lantung gupa regolane,
sagung wong manjing medal,
dadya kandheg neng lawang,
anjomblong mulat dyan bagus,
miwah pra wanodya liyan.

24. Sami wurung darbe karsi,
langkung regol Kepatihan,
jatine kudu wruh bae,
dhumateng Raden Sesangka,
sakwiyahe wong gesang,

sareng mulat kathah wuyung,
marang sang karya le-ela.

25. Miwah kusumaning adi,
Retna Dewi Anjasmara,
banyumili utusane,
sandi anamur cundhaka,
emban tanapi inya,
ngraketi mring dyan binagus,
bara-bara dadi karya.

26. Linarah tiniti-titi,
radyan kawijilanira,
mikolehi patembunge,
nanging radyan wus nggraita,
sasolah mambu manah,
kanyina ruming patembung, larase wong awibawa.

27. Pranane anuju ati,
temene anandhang brangta,
tur dudu semune dhewe,
sakelangkung ajrihira,
Radyan Damarsasangka, angedohi ing tyas luput,
mendahane dhendhanira.

28. Sarta pamelehing bumi,
yen gingganga ing panyipta,
pujamantra ing Hyang Manon,
sedene yen nglanggatana,
ing nalar kang tan arja,
mila sakelangkung-langkung,
setya tuhu mring kipatya.

29. Ya ta kang parepat kalih,
Palonsebda Genggongnaya,
bungahe jewer wetenge,
kathah wong munjung panganan,
kapencut cucutira,

samya munjung jenang grendul,
plek-emplek bekatul miwah.

30. Bulus angrem miwah inthil,
sega-golong lawuh kenthak,
cabuk lawan kethak-blondho,
kathah ingkang sami tresna,
emut kalaning kuna,
lawan kulwarganipun,
ing nguni sang Mangundara.

31. Abdi tetumbaling bumi,
amusakani ing lampah,
tur ingugung sakarepe,
ngiras dadi palawija,
cucut saucapira,
Sebdapalon teguh timbul,
kandel pasanging wadana.

32. Weteng blendher mata ngriyip,
pantes bae timbul braja,
lawan malih kang pinethek,
dhemesa tenaganira,
pantese wong punika,
pradhah prekara ing sanggup,
pan Nayagenggong winarna.

33. Cebol palang bokong canthik,
irung sunthi bathuk banyak,
angglingseng pakulitane,
netrane bunder ngatirah,
mung siji pethekira,
wiraga pangadegipun,
amantep teguh yuwana.

34. Kalih kanisthane dadi,
ananging kinarya lampah,
amantep panggawe abot,
tan darbe susahan manah,

tan pegat tetembangan,
sekele kinarya sengguh,
sayekti dewa nom-noman.

V. SINOM

1. Sigegen ingkang winarna,
maha sang narendraputri,
siniwi gung pra dipatya,
miwah ingkang tandha mantri,
supenuh pancaniti,
jajaranya tundha pitu,
bandera warna-warna,
mangubengi ing sitinggil,
Dorapati Jagabeya perang tandang.

2. Myang Sarawisa Pracandha,
Nyangkraknyana Wanengpati,
Wirutama Saratama,
Adisura Surasurengpati,
tinon mawarni-warni,
pengangge lir wukir santun,
kyana patih ngandikan,
minggah dhumateng sitinggil,
sawadyanya sesiming wus ngabyantara.

3. Ngandika Sang Prabu Rara,
paran bapa kang kawarti,
paman Ranggalawe Tuban,
denira amagut jurit,
dene nakira kalih,
na teka sumlanging kalbu,
dening paman Sindura,
di gung prakoseng ajurit,
suprandene tiwas aneng adilaga.

4. Umatur rekyana patya,
pandugi ulun dewa ji,
ugi inggih Bangkatkarya,
pun paman amitadosi,
mumpuni ing ajurit,

pasah dhateng agal-alus,
datan kuciwaning prang,
pun paman Dipati Tubin,
inggih ugi pasrah dhateng Menakjingga.

5. Utawi pun Layangseta,
kalih pun Layangkumitir,
kados tan tiwas ing karya,
kalih sami mitadosi,
guna kagunan ngenting,
ing kadigdayan pinunjul,
saged angaben bala,
ngawaki tan nguciwani,
inggih ugi kalih sami angkat karya.

6. Ngandika Sang Sri Wanodya,
estu sret wijilira ngling,
bener aturira bapa,
nanging ingsun nyulayani,
saking karseng dewa di,
bapa kaya durung tutuk,
denya karya lelampahan,
sama marang awak mami,
marma banget sumelange ing tyasingwang.

7. Ya ta malih angandika,
mring Dyah Retna Rarasati,
lamun sira ngrungu warta,
paman adipati Tubin,
matur Dyah Rarasati,
pandugi ulun sang prabu,
kados ungguling yuda,
awit dene ngantos lami,
laminipun ngutamekaken lampahan.

8. Yen saupami tiwasa,
kados sampun atur uning,
para mantri pra dipatya,

kang sami kinanthi jurit,
apan sampun antawis,
tan wonten pawartosipun
eca lagya ngandika,
maha kang narendra putri,
gya kasaru praptane dyan Layangseta.

9. Lan Layangkumitir radyan,
asigra denya lumaris,
gumyah byak sak pasekan,
prapta pagelaran nangkil,
tandya ngandikan sami,
minggah dhateng sitiluhur,
lan Ranggiminangsraya,
miwah ki Menak Giyanti,
prapteng ngarsa umatur dyan Layangesta.

10. Sapratingkahing ayuda,
kandhap ungguling ajurit,
sedene Dipati Daha,
miwah Adipati Tuban,
sapratingkahing jurit,
ingaturaken sadarum,
purwa madya wusana,
jinarwan sampun nastiti,
sapatute rada ngalingi sarira.

11. Ya ta Sang Prabu Wanodya,
sapandurat tan kena ngling,
duk miyarsa aturira,
dyan Layangseta Kumitir,
jenger Sang Prabu Dewi,
alon kondur angadhatun,
kyana patih lan para,
ariya maglaran sami,
nulya mijil Ni Sepet Maduwilaja.

12. Andhawuhaken timbalan,

dhumateng rekyana patih,
ing mangke karsa narendra,
animbali ingkang bibi,
garwanira dipati,
saputra selir sedarum,
dene ingkang kumampah,
pan inggih kula pribadi,
lan kanca kliwon jawi sedayanya.

13. Kyapatih matur sandika,
wus pininta-pinta sami,
kang badhe dhumateng Tuban,
ya ta lurah para gusti,
wilaja malbeng puri,
gya pangkatna Sepetmadu,
lawan kaliwon jaba,
Menak Blagedhuk lan malih,
Menak Tunjung Sabukjingga dhatulaya.

14. Sabuk-kamus Janurmimang,
gancangan samargi-margi,
wus lepas ing lampahira,
ya ta genti kang winarni,
sedaya gung kang nangkil,
ya ta wus luwaran sampun,
ing dalu tan winarna,
enget dyan Setakumitir,
sami sowan dhumateng ing kepatihan.

15. Gulang-gulang aneng ngarsa,
kajineman amerapit,
gibarebeg balakoswa,
asikep pedhang lan tamsir,
towok kantar suligi,
talempak kunta lan busur,
sareng sapraptanira,
kepatihan regol jawi,
kagyat mulat wong bagus manglong ing lawang.

16. Cahyane nuksmeng sasangka,
lir Kąmajaya ing swargi,
patut sabusananira,
tangeh winarneng palupi,
radyan benter ing galih,
jlog tedhak sing kudanipun,
sarta ngasta talempak,
mrepeki radyan mantri,
wadyanira makupeng samya prayitna.

17. Ngandika dyan Layangseta,
dhumateng dyan Damarsasi,
sira iku uwong apa,
manglong-manglong aneng kori,
lawan wong seka ngendi,
lan maneh sapa aranmu,
matur Radyan Sesangka,
ulun abdi enggal patih,
dasihdhusun awasta pun Damarwulan.

18. Saking dhusun Paluhamba,
putunipun sang ayogi,
ran buyut Musthikamaya,
magangira ambumeni,
lan kinen tengga kori,
dyan Layangseta sru muwus,
senadyan tunggonira,
jer iki lawange patih,
nora patut tingkahmu sakerah-kerah.

19. Cedhis desa kurang ajar,
benyunyukan tanpa kering,
endah-endahe wong desa,
gumagus mangempeng mami,
ingsun putraning patih,
tur wus padha pyayi agung,
pan nora kaya sira,

ya wong sajabaning kori,
dyan Sesangka glis matur minta aksama.

20. Inggih raden jenang sela,
den ageng aksameng dasih,
dasihe gya anyar prapta,
sumangga yen ngaping kalih,
ing sapisan puniki,
ngapuraa lepat ulun,
Layangkumitir sigra,
ngandika amundhut keris,
dyan Sesangka gya ngundur dhuwung pusaka.

VI. DURMA

1. Layangseta sakalangkung dukanira,
manentak denira ngling
ge mara ulungna,
krismu mring yayi mas,
yen sira kepati-pati,
angukuhana,
curiganira pesthi.

2. Nora wurung sira katiban pusaka,
matur dyan Damarsasi,
kados pundi radyan,
duka mring kawlasarsa,
dhuwung tetilaring kaki,
karsa paduka,
pundhut radyan kekalih.

3. Radyan Layangkumitir sareng miyarsa,
talingan lir sinebit,
dhasar wong brangasan,
bareng para tantangan,
tan kena pinadhan dadi,
sigra numbak mring Radyan Damarsasi.

4. Gya tinampan kang ponang godhi cinandhak,
sendhal-sinendhal wanti,
Radyan Layangseta,
anumbak saking kiwa,
wus katampan ingkang biring,
sinendhal datan,
kungkih dyan Damarsasi.

5. Tansah matur kadospundi-pundi radyan,
kawula nuwun kang sih,
pinten-pinten radyan,
ngapura dasih enggal,
tan saya duka tan sipi,

gya narik pedhang,
ngrasuk nabet manitir.

6. Radyan Damarsesangka mundur sing papan,
pinedhang datan busik,
wadya kajineman,
nosok ing kering-kanan,
kumrapyak kang watang tis,
Radyan Sesangka,
sarira datan busik.

7. Sebdapalon Nayagenggong ginebugan,
pinupuh popor bedhil,
binuntar landheyan,
bata myang sela sela,
kajungkel kuwalik-walik,
rebah dinugang.
anulya den taleni.

8. Den larak apan sarwi ginitikan,
Nayagenggong anjelih,
sarya jinotosan,
Sabdapalon cinandhak,
den ungsep-ungsepaken siti,
nggero jinambak,
anuli den taleni.

9. Sabdapalon sesambat sarwi karuna,
edan temen wong iki,
dene tan semanak,
lir satru bebuyutan,
tan antuk berkating kaki,
jamak kelumrah,
wong anyar sinung inthil.

10. Mandar ta kacecengel den idak-idak,
ndhas ngelu kongsi mari,
pan sarwi sesambat,
ninekne blondho kethak,

kaki bekatul lan inthil,
ulungna ingwang,
ingong dinulang tai.

11. Radyan Damarwulan kinarubut kathah,
weneh masang cumpuling.
sinosok ing watang.
tansah wayang-wayangan,
rinekseng marang dewa di,
sung parimarma,
mring titah kang kaswasih.

12. Radyan kalih saklangkung kurdhaning nala,
mulat wadya keh ngisis,
nunjang padha rowang,
larut datanpa lawan.
sing sisip sara mangidit,
sira rahadyan,
kalih sumareng dasih.

13. Kinen mundur rahadyan kalih umangsah,
sikep pedhang lan tamsir,
kinubeng magalak,
medhang sarya amilar,
lir prenjak ingkang tinaji,
kebat acukat,
wau radyan kekalih.

14. Radyan Sangka pinedhangan tansah endha,
sarya matur ngrepa sih,
nuwun pangaksama,
radyan kadya punapa,
niaya dasih kaswasih,
yogi ngapura,
mangga yen kaping kalih.

15. Sarya endha pedhang tinangkis ing asta,
punang kunca tan titis,

nadyan mrananana
pedhang tumameng jaja,
malurut pan ora busik,
radyan kalihnya,
ing manah semu gigrik.

16. Sing wratira kinubeng ing balakuswa,
merang medhot ing jurit,
dadya pinalewat,
medhang sarya memilar,
dyan Sangka dadya mangesthi,
pati tan liyan,
mung nyipta mring dewa di.

17. Awit saking tan antuk nyuwun apura,
agung coba dewa di,
narima satitah,
pinten-pinten adadya,
amingna semono singgih,
mupus ing driya,
ing sikara dyan mantri.

18. Sru pinedhang tinampi meksa tan obah,
sumangga tan nglawani,
lir kinarya lesan,
tiningalan ing kathah,
tan liyan kacipteng galih,
ing praptanira,
lena datan darbeni.

19. Swaranira sagung wadyanira radyan,
samya lok mati-mati,
wau drek-udrekan,
pating baleber mulat,
tuwa anom jalu estri,
wong kepatihan,
humyung swaraning dasih.

20. Kyana patih semu kagyat mring plataran,
putranira sinapih,
aja kaki aja,
iku putu pandhita,
apuranen ingkang sisip,
iku anaknya,
Endhang Dyah Campursari.

21. Radyan Layangseta-kumitir sawadya,
mundur marek sudarmi,
Sebda Genggongnaya,
wus samya inguculan,
samana wus tata linggih,
rekyana patya,
gya ngawe putra kalih,

22. Sareng samya binisikan Layangseta,
miwah Layangkumitir,
dyan kondur kalihnya, sawadyanira bubar,
para cethi ing jro puri,
enget tumingal,
umyung swaraning tangis.

23. Sampun samya bubar mantuk ing jro pura,
sagunging para cethi,
sosote tan pegat,
dhateng dyan Layangseta,
tanapi Layangkumitir,
ingsun tatedha,
marang kang murbeng bumi.

24. Muga-muga dyan kalih ingadilana,
sikara tanpa uwis,
baya nemu apa,
besuk radyan kalihnya,
dene ta kepati-pati,
anganiaya,
mring Radyan Damarsasi.

25. Ya ta malih warnanen rekyana patya,
babo aja dadi,
rasaning driyanta,
den agung panrimaneki,
mring putraningwang,
Seta Layangkumitir.

26. Den narima sira tinitah ing suksma,
pirabara ing benjing,
sira manggih arja,
nanging saiki aja,
grantes ing sapangreh mami,
matur dyan Sangka,
sakarsa lun umiring.

27. Angandika malih ki rekyana patya,
ing mengko karsa mami,
sun tetepken sira,
magangira maringwang,
penggaweanmu ngresiki,
kebon paseban,
ja na suket sawiji.

28. Dyan Sesangka umatur nuwun sandika,
kyapatih nebda malih,
lan ja lunga-lunga,
saka kebon paseban,
ing krakah kang den kemiti,
woh-wohan sinang,
ja kongsi kalong siji.

29. Nemu luput sun wenangken amung sira,
pengasonamu bengi,
utawa yen udan,
amung ana gedhogan,
angiras kemit turanggi,
lan gamel tunggal,

aja taha ing kardi.

30. Ning pekathik patuhmu tunggu kebonan,
paseban ingkang pasthi,
aja mlembar liyan,
ewuh aya ing patrap,
ing jero akeh pawestri,
sulanging tingkah.
salah-suruping kardi.

31. Dyan Sesangka tur sembah matur sendika,
punapa ing sakarsi,
ulun tan lenggana,
malih sebda ki patya,
ywa nganggo-anggo prayogi,
cara satriya,
tur iku nyilakani.

32. Iki bebet lurik brekutut prayoga,
karyanen olah bumi,
awet nora bedhah,
gawe garap obrogan,
lawan iki sabuk putih,
sira anggowa,
presaja tur asuci.

33. Iki wedhung gablogan sira anggowa,
yen babat-babat becik,
golek alemingwang,
rumat marang pakaryan,
lan ingsun paringi malih,
pecok prayoga,
kinarya dhangir becik.

34. Angilangken teki suket samubarang,
panganggomu kang lami,
miwah dhuwungira,
aku kang ngrumatana,

gampang besuk yen wus mukti,
pakewuh apa,
ingsun paringken malih.

35. Awotsekar dyan Sangka mung sumangga,
pisalin wus tinampi,
amung dhuwungira,
pinundhut datan suka,
gya lumengser radyan mantri,
ngrasuk busana,
ngagem lir Kemit-bumi.

36. Nging dhuwunge kinatah-kinatu rongga,
renggeng rinaja werdi,
pinundhut tan suka,
maksih ngagem kewala,
ananging binuntel upih,
aywa ketara,
dadya wor lan wong akeh.

37. Sru kaswasih Rahadyan Damarsesangka,
enjing gya kesah ndangir,
anyorok rerampas,
mider-mider kebonan,
sadinten pangkat ping kalih,
mikul sarwi anangis.

38. Suprandene sinambi lan tetembangan,
sinome melas asih,
apan dyan Sesangka,
nrima rehne ngawula,
kinarya lakoning bumi,
sinedya tapa,
sapangreh dadi puji.

39. Pamujine mring suksma ingkang winenang,
ulun tan nampik milih,
ing sakarsa tuwan,

dasih nora suminggah,
ngong srahken kang murbeng bumi,
kang karya titah,
kang paring sebda manis.

VII. DHANDANGGULA:

1. Kawarnaa Retna Banowati,
garwane Sang Dipati Tuban,
pinarak lawan putrane,
Retna Sakati ngayun,
aprituwin kepara selir,
Dyan Retna Banowatya,
datan sah ngemuluh,
tan eca raosing driya,
sapungkure kang raka amangun jurit,
tansah amelang-melang.

2. Sampun pitung dina pitung ratri,
wulan srengenge rambah ping tiga,
grahana lindhu sedene,
limeng akasa teduh,
pramalita mangilat thathit,
dalu siyang gumebyar,
dhandhang muni umyung,
peksi-peksi mencok ing pang,
samya nggereng sedene kitiran sami,
manggungerak swaranya.

3. Sekar-sekar tanpa babar sari,
tunjung-tunjung akudhup yen enjang,
pucang angusut mayange,
pethetan samya alum,
riyem-riyem Hyang Bagaspati,
wimbuh dyah Banowatya,
supena ing dalu,
katingal sang dipatya,

akasukan lan sagung para dipati,
aneng tepi samodra.

4. Siniwaka sagung para mantri,
acangkrama nitih pageritan,
bedhati-sinang isthane,
jingga ageme kampuh,
saya celak lawan jeladri,
tandya nasak manengah,
sabala-kuswa gung,
sang dyah ayu Banowatya,
gya anututi anging datan den lilani,
malah ngantya dinukan.

5. Meksa nusul sang dyah tan tinolih,
sawadyanya mursita sedaya,
kerem ing laut sirnane,
kaselak sang dyah wungu,
mancadrasa waspanya mijil,
supena winaunan,
ing galih mangungun,
melas asih sungkawanya,
duk semana ingkang putra kalih prapti,
sing wana pagrogolan.

6. Sampun terang yen tinilar jurit,
mring kang rama wau radyan putra,
wus pitung dina lamine,
tandya sowan mring ibu,
prapteng ngarsa rahadyan kalih,
tanya marang sudarma,
jinarwan sampun,
mring ibu Dyah Banowatya,
imbuh radyan mangarem-areming galih,
kang putra sukaning tyas.

7. Dyan Buntaran gumujeng sarya ngling,

yayi sira besuk nyuwun apa,
ing rama oleh-olehe,
Radyan Watangan matur,
benjing ulun pan nyuwun wajik,
kore geng kawandasa,
ingkang luhur-luhur,
paduka nyuwun punapa,
raka nabda aku besuk nyuwun gundhik,
putri putraning raja.

8. Ingkang ayu tur kang kuning-kuning,
ingkang sami dedege mejana,
lawan kang padha gandhange,
kang liyep-liyep gandrung,
terajange kang sami trincing,
ya iku petaking wang,
silih rok ngapupuh,
lan kang nggalakaken mengsah,
luput umer ingsun saguh den kapati,
lelima saya sura.

9. Samya mesem sagung para bibi,
radyan dadya panglipuring brangta,
cucut sebarang sebdane,
tur kadhangan binaut,
Dyah Sekati ngewani liring,
dyah wara Banowatya,
tan ana kaetung,
namung kang andon ayuda,
eca lagya ngandikan mring putra kalih,
kesaru praptanira.

10. Abdi penongsong pun Wongsopati,
mungap-mungap ing kori lan Demang,
Gathul dyan awas tingale,
den awe kalihipun,
ingkang ibu lan para bibi,

kumesar raosing tyas,
wus kabineng kalbu,
dene Sesangka kang prapta,
sang dyah Banowati waspanya dres mijil,
wus tan kena ingampah.

11. Sapraptane sowan Wangsapati,
gepah nungkemi padanya radyan,
awor karuna ature,
Gusti kula atur wruh,
Kangjeng Rama Paduka Gusti,
kesambut ngadilaga,
seda ing apupuh,
dening Raja Menakjingga,
kuwandane rama paduka binasmi,
lan layonya dyan patya.

12. Pra dipati tumpes ing ajurit
saha wadyakoswa magampuran,
dene tyang wetan pamuke,
Prabalingga gyanipun,
tempuh wusnya pun Wangsapati,
wusnya dugi turira,
aniba gya lampus,
dyah wara sareng kantaka,
Dyah Sekati anjrit gaya gubel keng rayi,
geger sajroning pura.

13. Umyung gumuruh swaraning tangis,
para selir sareng bilulungan,
mawarna-warna sambate,
weneh niba tan emut,
kang saweneh angrontok weni,
weneh amala jaja,
akathah liripun,
saweneh sesambatira,
dhuh pangeran bisa temen tinggal cethi,

ulun tinilar seda.

14. Kang saweneh sesambating tangis,
dhuh gustiku sang dipati Tuban,
nora nyana nora jimpe,
kesambut ing apupuh,
nora mantra-mantra ing nguni,
dene pangandikanya,
tan lawas gya rawuh,
sinten gusti sun tatengga,
lawan sinten gusti kang kula ngengeri,
saweneh sambatira.

15. Dhuh pangeran ulun tumuta lalis,
boten saged suwita ing liya,
paduka gusti yektose,
saweneh sambatipun,
dhuh gustiku sang adipati,
duk arsa pangkat yuda,
amriyembada nrus,
anggresah ngesahken sabda,
kawulane gustiku ginusti-gusti,
sun sengguh tulus mana.

16. Kang saweneh sesambating estri,
dhuh gustiku wong bagus utama,
kang asih maring cethine,
ambeg darma mong tuwuh,
angecani manahing dasih,
ulun durung rumangsa,
amales sihipun,
anjalmaa kaping sapta,
lun tan nyipta angabdi liyaning gusti,
sanese sang dipatya,

17. Dyan Buntaran apeteng kang galih,
ingkang ibu tansah kapidhara,
saya ngres myarsa sambate,

sagunging para'arum,
weneh bondhet rahadyan kalih,
tanapi ingkang raka,
Sekati mangrangkul,
sambatnya kawelas arsa,
dyan Buntaran alegeg tan kena angling,
waspa dres tibeng jaja.

18. Sesambate Dyah Retna Sekati,
katuwone rama awak ingwang,
kari lola satemahe,
sapa kang sun sesugun,
lawan sapa kang sun ladeni,
rama dene paduka,
tilar marang ingsun,
dene ta dadi wanudya,
sun yayimas yekti kari bektan tapih,
tan bisa nusul ing prang.

19. Nora bisa males lara-pati,
yayi ingsun marang Menakjingga,
katuwone dadi wadon,
dewa banjuten ingsun,
susulena mring rama mami,
dhumateng kelanggengan,
boten saged kantun,
tandya kang rayi kalihnya,
ing tyas gempung ngadeg suraning penggalih,
myarsa sambating raka.

20. Demang Gathul wus kinen ngrumati,
mring kunarpanira Wongsapatya,
atanapi ing somahe,
wus sinung reyal satus,
radyan kalih seksana mijil,
amemap wong kanoman,
wolungdasa sampun,

samekta ajajaranan,
Dyan Buntaran Watangan mangkat sadasih,
marang ing pabarisan.

21. Nander nungklang ing samargi-margi,
inggal sampun lepas lampahira,
kuneng genti winiraos,
praptaning sepetmadu,
nagri Tuban angampil joli,
tandhu miwah jempana,
ing pura tumanduk,
nimbuli dyah banowatya,
saputranya pra maru myang para selir,
anging radyan wus pangkat.

22. Sepetmadu mung sipeng saratri,
aneng Tuban kawarnaa enjang,
Banowati saputrane,
miwah kang para maru,
samya pangkat wahana joli,
tandhu miwah jempana,
samarga aselur,
marang nagri Majalengka,
weneh genti kusuma yu rajaputri,
lagya miyos sineba.

23. Ing witana lenggah dhampar rukmi,
Rarasati lan rekyana patya,
sumiweng aneng ngarsane,
ing paglaran supenuh,
pra manarya rangga ngabehi,
maha sang prabu ni dyah,
dhawuhken sadarum,
manetepken pra menak,
pra dipati kang samya ngrehken negari,
linumrahken ing wadya.

24. Atma jalu kang samya gumanti,
kang tan darbe atma kadang-warga,
anunggak semi arane,
para menak tumenggung,
kang kalereh rekyana patya,
gya samya ginentosan,
putra kadangipun,
kang alena ing aprangan,
ing Madiyun sanes abdi kang gumanti,
nunggak semi kang seda.

25. Linumrahken ing wadya kang nangkil,
Pranaraga Candraketu raja,
Endrajala kang malihe,
ing wajak angun-angun,
Menak Ngrawa Suranggapati,
Kalangbret Nilabrata,
Dresana Kalungkung,
ing Sarengat Bagaspatya,
Gapangkara ing Mambang Madiun malih,
ran Gajahtepengsara.

26. Silih lawan menak bala ruci,
Brajamusthi nagri Jagaraga,
Daha myang Surabayane,
ngabehinira wolu,
samya kereh ing Rarasati,
amung para pandhita,
Jar-ajar manguyun,
Guntung-guntung Wasi Janggan,
myang pra Buyut,
empu Malada ngestreni.
mestuti pujamantra.

27. Lawan malih kang para dipati,
para rangga ngabehi lan menak,

kang enggal dadya wiyose,
sayekti sami suyud,
nglurah dhateng Syah Rarasati,
ganjaraning narendra,
dene lenggahipun,
gadhuhan drung sami tampa,
tetepira kamantren pan nama beslit,
nuwala sapunika.

28. Pinaringken sagung pra dipati,
srat rigelmen piyagem sedaya,
sarta srat pethuk bayare,
pangkat-pangkat pinatut,
inggih awit punapa sami,
kethong isi gadhuhan,
reh sampun kecakup,
robete wus siniweran,
tur sagunge sentana wus den barisi,
geglonthong pasang pikat,

29. Amemikut telik ngelar anjir,
kira kedhik apan gentos tapak,
kyana patih cundakane,
Kotbuta sakanceku,
jejaranan pan kalih biting,
dhumateng bumi Daha,
bupatine wolu,
sekawan dhumateng Daha,
kang sekawan dhumateng negari Tubin,
gumrah swaraning wadya.

30. Angebroki inggih kitha kalih,
bebarisan sinambi kasukan,
mamunah sengguh gumedhe,
pisungsung bekti dhusun,
amemurak sakarep dadi,
inggih bupati papat,

wit angsal pangestu,
mring patih saha wus terang,
Gusti Maha Bethara Sri Urubesmi,
kang mengku ing Blambangan.

31. Sumanten malih kiyana patih,
Kotbuta-Katbuta kanthining wang,
sekawan bupati totos,
dhugdheng mateguh,
kajineman tridasa sami,
pra sami gug-guligan,
wudhu ing apupuh,
tintrim kiwa tengenira,
ing brang wetan sedaya abulu bekti,
mring jineman sedaya.

32. Majalengka inggih lenggah sabin,
amung ayunglampit lan Gendhaga,
kang sampun pinaringake,
kathah lamun winuwus,
kawarnaa malih sang aji,
ya ta Srinataning Dyah,
Sang Kencanawungu,
retna di sesotyaning rat,
dangu dera tinangkil manganti-anti,
caraka dhateng Tuban.

33. Sepetmadu tanpantara prapta,
ngirit garwanya dipati Tuban,
saputra klangenan kabeh,
Sekati lan para rum,
gya ngandikan minggah sitinggil,
nata dyah miyak gubah,
manglela dinulu,
kang bibi Dyah Banowatya,
myang Sekati lumakya atawan tangis,
luh lir mas tibeng tirta.

VIII. MASKUMAMBANG

1. Gya nungkemi ing pada sang nata dewi,
   ngungkep-ungkep serya,
   sesambatira mlas asih,
   Banowati lan Sekatya,

2. Nata kenya saklangkung marmaning galih,
   ketang tresnanira,
   gya tedhak ing dhampar rukmi,
   tansah kumembeng ing waspa.

3. Lingira rum yayi Sekati ywa nangis,
   paman adipatya,
   oleh sih mring bathara di,
   amanggih swarga di mulya.

4. Rehning paman seda madyaning ngajurit,
   mapak mring wong harda,
   kang sinatru mring suksma di,
   paman nglabuhi utama,

5. Wus pinasthi marang Suksmana linuwih,
   wong kesambut ing prang,
   nyegah mring satru dewa di,
   adoh sing Candradimuka,

6. Mulya terus yayi paman adipati,
   musakani ing prang,
   anggelar arjaning bumi,
   among tuwuh budi harja.

7. Asih maring sesami myang para resi,
   mundhi ing pandhita,
   harja ing ngarjaken sami,
   mantep ing budi utama.

8. Pira-pira yi paman adipati,
   nggenya olah praja,

sarta sinaksen dewa di,
panggah lenggah ing ubaya.

9. Tur sembada bekti mring suksma linuwih,
dinadar tan pegat,
kasubing susela aji,
mrih adine kaelangan.

10. Wimbuh tekeng jangji madyaning jurit,
yayi pira-pira,
kamulyan ingkang pinanggih,
marma yayi den narima.

11. Lamun sira yayi sak mring Suksma linuwih,
ganjarane paman,
suda kaluhuraneki,
tur sira kurang utama,

12. Rerem ing tyas Sang Retna Dewi Sekati,
malih angandika,
Prabu Rara mring kang bibi,
bibi pundi ingkang putra.

13. Ri Buntaran Watangan tanana keksi,
matur Banuwatya,
arinta wus nusul jurit,
nedya nglabuhi pun paman.

14. Sanggupira suka matiya ing jurit,
Gusti yen kenginga,
arinta kang de rah pati,
pukulun darbeya karsa.

15. Animbali nusul sampun ngantos jurit,
pun paman wus seda,
ing mangke arinta kalih,
sumedya alabuh pejah.

16. Yen kantosa Gusti anemahi jurit,
paran polah amba,
sinten kang ulun tingali,
lan sinten kang ngimpunana.

17. Kadangwerga sentana wadya ing Tubin,
dene yen sampuna,
diwasa tega pu bibi,
rinta pan maksih taruna.

18. Angandika arum Sang Srinata Dewi,
bibi leres dika,
kula dhawuh nusul yayi,
ywa kongsi kebacut yuda.

19. Sang Dyah Ratu gya pinarak dhampar malih,
ngandika mring patya,
bapa sapa kang prayogi,
nusula marang yayimas.

20. Kyana patih Logender matur wot sari,
Gusti yen sembada,
lan karsa dalem sang aji,
gusti Rangga Minangsraya,

21. Lan pun yayi Menak Giyanti prayogi,
sarya angirita,
sakancanipun ing jawi,
Prabu Rara angandika.

22. Iya bener bapa ingsun wus marengi,
padha ge pangkata,
bapa ing sadina iki,
kya patih matur sandika.

23. Wus dhumawuh timbalan dalem sang aji,
gya kondur ngadhatwan,
ginarebeg para cethi,
manggung tanapi bedhaya.

24. Sarya nganthi mring Sang Dyah Retna Sekati,
warnanen kyapatya,
wus parentah pra bupati,
kekalih ingkang lumampah.

25. Ranggaminangsraya lan Menak Giyanti,
sakancane jaba,
wus mesat sing pancaniti,
ing Majalengka kawuntat.

IX. PANGKUR

1. Sinerang lampah ing marga,
Rangga Minangsraya Menak Giyanti,
gegancangan lampahipun,
sumekta ing ayuda,
gya warnanen Kurubesma sang aprabu,
lagya miyos ing paglaran,
supenuh wadya kang nangkil.

2. Amacak kawula-warga,
sesulihe pra menak pra dipati,
kang sami tiwasing pupuh,
sampun sami ginantya,
pinilihan pundi ingkang dibya anung,
kang teguh timbul ing braja,
samya ingangkat bupati.

3. Malah kirang kang negara,
mila wonten ngantya pinara katri,
negari satunggalipun,
ana pinara sekawan,
ingkang ageng pinara gangsal satuhu,
nanging pra raja ing sabrang,
kang samya tiwas ing jurit.

4. Tan ana ingkang gumantya,

nanging mangke Sang Prabu Urubesmi,
wus minta sagung pra ratu,
kinen anglampahena,
kemandhahe redine jajahanipun,
enggal pundi ingkang tampa,
kemandhah sagung para ji.

5. Dene kang sampun lumampah,
wus antara bupati atur uning,
sandika ture raja gung,
kinen mriksa jajahan,
apan sarya kinen majeng baris agung,
andhesek ing Majalengka,
dene sang srinarapati.

6. Eca pan lagya kasukan,
aneng Prabalingga raina-wengi,
mengkono panyiptanipun,
Maha Srinataning Dyah,
dimen aris nungkula sangkaning alus,
mila kinen ambebahak,
kewala kang tepis wiring.

7. Warnanen Radyan Buntaran,
Dyan Watangan kang sedya labuh pati,
kocapa Ki Demang Gathul,
pamomongira radyan,
tiyang sepuh binandrangken lampahipun,
gigitanira wus telas,
angontel samargi-margi.

8. Mrebes mili celangoban,
ting karejod balung kadya kinerik,
kudanya jogrog angunthul,
ngatut kareping jaran,
melek-melek yen kudanira kesandhung,
anjenggirat guragapan,
sawusnya angantuk malih.

9. Tur kadhang kudanya nasak,
ki mas demang kagyat kecanthel ngeri,
riyak umbel dadi musuh,
waktuk kaselak-selak,
suprandene nora suda ungasipun,
bote wong duwe momongan,
abote wong nora gigit.

10. Leknya jinejep kewala,
nanging maksa sumurupe marang manik,
semana radyan wus rawuh,
nagri ing Pasedhahan,
risangsaya binanting ing tindakipun,
warnanen kalih dipatya,
sira Ki Menak Giyanti.

11. Myang Ki Rangga Minangsraya,
wus nututi tindaknya radyan kalih,
kalancangan tindakipun,
radyan gya ingadhangan,
Rangga Minangsraya Giyanti gya muwus,
dyan kalih tampi timbalan,
kang pangestu Prabu Dewi.

12. Radyan Buntaran Watangan,
matur nuwun abukuh aneng turanggi,
sraya Giyanti gya muwus,
jengandika ngendikan,
radyan kalih dhumateng ing Majalangu,
dyan kalih kanggeg ing driya,
tan mawi mangsuli angling.

13. Giyanti lan Minangsraya,
malih nabda suwawi radyan kalih,
sarenga salampah ulun,
sanget timbalanira,
Prabuning Dyah tuwan tan kalilan magut,

rebut rok lan Menakjingga,
dene ta rahadyan kalih.

14. Dereng mempeng ing diwasa,
nistha lamun tiwas ing jurit,
kiyata rama pukulun,
yuda lan Menakjingga,
mila radyan ngandikan mring Majalangu,
kaping kalihe sang nata,
sanget sengkeling penggalih.

15. Sedane rama paduka,
mangke wewah radyan amagut jurit,
yen ta tiwasa pukulun,
kesambut adilaga,
kados pundi Maha Sang Kusumaningrum,
sungkawa temahan dadya,
suduk gunting tatu kalih.

16. Mangsuli rahadyan putra,
wus jamake atma lanang nglabuhi,
silih rok madyaning pupuh,
mendah yen tan kalakyan,
ingsun merang marang samining tumuwuh,
satriya wedi palastra,
kaya dudu trah prajurit.

17. Punapa pamales hamba,
mring sudarma den anaken neng bumi,
lamun wediya ing lampus,
ngur matiya duk jabang,
Menak Giyanti saya juwet kang wuwus,
nadyan angger magut ing prang,
yen sampun lenggah ing Tubin.

18. Sembada ing adilaga,
sugih bala ngrehken prajurit,
para menak para tumenggung,

sumbaga jayeng rana,
yen tiwasa tan gumuyu ing dewa gung,
labete nglabuhi bawat,
wus pantes ngaran prajurit.

19. Yen paduka paripaksa,
ngamuk punggung dadya kirang linuwih,
sinten ingkang labuh pupuh,
awit paduka putra,
barang karya tan medal sing wawratipun,
dyan kalih sugal aturnya,
pasrahna kewala mami.

20. Yen rinusak marang dewa,
ya wus atas karsane kang ndarbeni,
Rangga Minangsraya muwus,
radyan karsaning suksma,
wenang nampik milih harja kang rinuruh,
tan wredi mring kalepatan,
tan lyan harja kang sinuprih.

21. Sumambung Radyan Watangan,
nadyan nedya mulya ana ing bumi,
yen gingganga tindakipun,
nora nglabuhi bapa,
yen mulyaa mulya sa ingkang asung,
tur mangsa linanggenena,
yen wong tan kukuhing puji.

22. Ing mangke puji manira,
pejah sukur gesang langkung utami,
reh ingsun wus wani labuh,
paran ngunduri lampah,
sedyan ulun sumendhe karseng dewa gung,
tur iku ingkang tama,
labuhan wong aneng bumi.

23. Menak Giyanti angucap,

radyan datan kenging wong aneng bumi,
sumendhe karseng Hyang Agung,
Pangran tan darbe karsa,
luwih-luwih karsane kang darbe kayun,
pikir kang minangka jaksa,
ingkang murwa kandel tipis.

24. Radyan Buntaran bramantya,
sawadyanya tandya ngetap turanggi,
prapteng bengawan anggebyur,
nglangi ponang turangga,
wadya wolungdasa tan ana kang mingkuh,
katisan wau ki demang,
nanging tan pisah lan gusti.

25. Semana nadyan kalihnya,
praptanya wus mawut tilas kabesmi,
sudarma dyan kalih tumrun,
ngruru tulanging rama,
tan kepanggih tandya na swara karungu,
babo radyan sudarmanta,
sampun munggah ing swarga di.

26. Binekta saraganira,
apri tuwin pra menak pra dipati,
prajurit kang wani lampus,
kang awas ing budyarja,
suksmanira munggah ing swarga sadarum,
radyan gya manitih wajik.

27. Gya nander sawadyanira,
abdi saking negari Maospait,
saking katebihan nyamun,
genti ingkang kocapa,
wong bang-wetan kang kecakup Majalangu,
Sri Mekasan Basutantra,
Dewa Perlanggi ing Keling.

28. Kotbuta Katbuta lawan,
para menak anyar kang angsal sih,
andel atos tau ji tus,
naut lameng kulewang,
lalap ing ri kramas cacak lawan busur,
padha wong tinatah mendat,
padha ladak cengkak budi.

29. Mangrupeksa Wilabraja,
Bajrapati lan Menak Gajahsrenggi,
Trajudhendha Dhendhaketu,
lan Menak Bimakendra,
Yogagorapati Gerdabau,
Mamangpraya Drayuwila,
Wirudhestha Dhesthapati.

30. Macanlaut Singadara,
Hantulaut Wedangsagara tuwin,
Lindhupara Lindhuwulung,
lan Menak Gala-gala,
Kendhangantru lan Menak Kendhang Gumulung,
samekta sikeping yuda,
lir segara tanpa tepi.

31. Ingkang sinedya ing lampah,
mancanagri kidul kang dereng balik,
pan arsa den awut-awut,
semana lampahira,
gya kapethuk Buntaran Watangan ngamuk,
putrane Bupati Tuban,
wolungdasa kang prajurit.

32. Dyan kalih sareng mangrempak,
sikep watang singa katrajang gusis,
wong wolungdasa angamuk,
ngedrel sarya anumbak,
pirang-pirang wong wetan sami lampus,

mawur bubrah mawurahan,
pating geladrah wong kanin.

33. Wong Tuban wus kadya setan,
pengamuknya merem pra samya nangis,
sesambat mring gustinipun,
Adipati ing Tuban,
hywa wong wetan pra menak para tumenggung,
gya ngamuk amangsah dharat,
tan anedya ngunduri.

X. DURMA

1. Sawadyanya angepung bareng amara,
bendhe tinitir-titir,
suraknya gumerah,
tetek ambal-ambalan,
kadya alun nempuh wukir,
gumrah gumintar,
ngebyuk sagung dasih.

2. Maju rampak makupeng atepung gelang,
numbak angrutuk bedhil,
nowok sarta manah,
nyuligi anyerampang,
maser nulup anyempuling,
wadya ing Tuban,
akeh longe kang mati.

3. Kukus peteng mimis tiba kadi udan,
gebyaring sara kadi,
kilat maliweran,
swara geter genturan,
wong Tuban magolong pipit,
alelumbungan,
kinarya lesan mimis.

4. Suprandene tan ana mundur sajangkah,
gya manrok genti keris,
atumbak-tinumbak,
manglut sendhal-sinendhal,
keket galak amangungkih,
kukut markentas,
tan ana ngeman pati.

5. Maruket mor manerot gagap-gigap,
mungsuh rowang pra sami,
bingung ing ayuda,
singa ingkang cinandhak,
goco-ginoco wor pati,
bubrah gelasah,
kadi babadan pacing.

6. Radyan kalih kudanya wus sami pejah,
gagap-ginagap keris,
casaya sudira,
lir bantheng tawan brana,
pengamuknya ngowak-awik,
timbuling braja,
sarira nora busik.

7. Para menak tumenggung rangga keh pejah,
ginagap karo keris,
Wirubadra pejah,
Basukendra kelawan,
Bajrapati angemasi,
myang Lindhuparang,
Lindhuwulung ngemasi.

8. Bayugora Gerdabau wus palastra,
Bimakendra ngemasi,
Basukendra pejah,
Dhendhapati wus modar,
pun Dhendha sampun ngemasi,

pun Mamangariya,
Driyawil sampun pokik.

9. Angkatbuta Kotbuta rajeng Mekasar,
Sang Bayutantra aji,
Rajeng Kalingdewa,
piling ngaben sorasa,
mangun lama piling ganti,
nglameng mamedhang,
gada bindi manganti.

10. Datan osik radyan kalih kinembulan,
percaya mring dewadi,
nglindhung ing Suksmana,
singa ginagap kena,
Radyan Buntaran sangkut kris,
lan Basukendra,
Watangan lan Perlanggi.

11. Sru makuwel Sang Bayutantra wus pejah,
Dewa Perlanggi lalis,
radyan kadya yeksa,
pangamuke memunah,
Kotbuta Katbuta ngungkih,
Makendra mangkyat,
cangklet amedhang aglis.

12. Samya pengkuh teguhnya kagila-gila,
radyan wus wuru getih,
Kotbuta malumpat,
Angkatbuta wus milar,
kalih sami mentar aglis,
wadya mangrempak,
dyan kalih dipun dreli.

13. Ing senjata saya dangu kesayahan,
gumeter radyan kalih,
astanya ngemu rah,

dederira wus perca,
pinupuh winanti-wanti,
seksana rebah,
Radyan Watangan aglis.

14. Gya tinubruk ing Kotbuta wus binekta,
Cindhe Pusparespati,
dyan Buntaran sigra,
angamuk karo asta,
tinubruk ing wadya kalih,
wadya Kanoman siji tan ana kari.

15. Mung Ki Demang Gathul kang maksih waluya,
gulung awor lan mayit,
sareng mulat radyan,
kekalih wus kacandhak,
Ki Demang Gathul anjelih,
merpeki radyan,
sarwi ambuwang keris.

16. Buwang sinjang gya wuda kari celana,
sigra dipun popori,
ya ta Kyai Demang,
Gathul sampun binekta,
katur mring Kotbuta patih,
bestan tetiga,
jinejer ngarseng patih.

17. Dyan Buntaran Watangan asruangucap,
Buta Kotbuta anjing,
ge sun patenana,
belakna kangjeng rama,
j a suwe ginawe urip,
ya age mara,
patenana wak mami.

18. Yen wis mati mustakaningsun caosna,
marang si Menak Anjing,

iku ratonira,
dhapure lir rang utan,
sembada raimu kalih,
kaya weraha,
payo tigasen aglis.

19. Esmu isin ki patih asru menetak,
aja bribeni kuping,
dene wus binesta,
teka kagila-gila,
besuk neng ngarsaning gusti,
tan wurung sira,
musthi ingsun pateni.

20. Dyan Buntaran Watangan asru manentak,
jaja patih kalumah,
jaja patih kalumah,
kinen nyaosena,
glis maring Prabalingga,
babestan ingkang katri,
–(ket. bok menawi babonipun kirang)

21. Kang dinuta kajineman kawandasa,
lurahira kekalih,
ran Baratkatiga,
kalih Undanprahara,
dyan kalih wus lepas kerit,
sira Kotbuta,
Katbuta ngluruk jurit.

22. Balakuswa sedaya wus sami budhal,
menak rangga dipati,
warnanen Ki Rangga,
Minangsraya lan Menak,
Giyanti wus mapak jurit,
pepet ing marga,
tandya rok silih ungkih.

23. Suwaranya wor surak swara gumerah,
kadya ngrubuhna langit,
gong maguru gangsa,
tetek kaya butula,
berik-binerek mangungkih,
petur-gumentar,
carok niring-biniring.

24. Kathah gonge wong kulon tanapi wetan,
saya sinerek jurit,
kuwel gap-ginagap,
tambuh mungsuh lan rowang,
mantri-jawi kathah mati,
Kidanggaloran,
Kidang-gathik wus mati,

25. Menaksonda Menaktunjung Talimimang,
inggih sampun ngemasi,
wus bubrah sumebar,
lumayu salang-tunjang,
wong wetan manglut mangungkih,
genti kocapa,
Sang Prabu Urubesmi.

26. Lagya eca sumiwi ing pagelaran,
pepak kang tandhamantri,
geger para lurah,
anglir samodra blabar,
aneng ngarsa nerpati,
Sri Baudhendha,
nenggih Mandura Aji.

27. Lan Sri Bali Bathara gung Walikrama,
kesaru duta prapti,
pun Udanprahara,
lawan Baratketiga,
tinimbalan prapta ngarsi,

sarya besta,
bestane radyan kalih.

28. Lawan embane satunggal binesta,
sumaos ngarsa aji,
Buntaran Watangan,
jejer tan purun lenggah,
ebat kang samya ningali,
bagus sembada,
lan tan ajrih pati.

29. Sang Sri Bisma gumujeng alatah-latah,
ningali mring dyan kalih,
iki kadangira,
Ratumas Majalengka,
aladak tan gelem linggih,
mendel ta ingkang,
duwe santana pasthi.

30. Patang mono sewu mono ambegira,
nora ngapaa dadi,
tansah goyang-goyang,
gebeg-gebeg Sri Bisma,
gedheg-gedheg aningali,
ngaliling marang,
citrane radyan kalih.

31. Sarya nabda lah kapriye karepira,
sira iku ta kalih,
dyan Buntar-Watangan,
asru denira mojar,
Menakjingga sira genjik,
aja kakehan,
sigra Sri Bisma angling.

32. Patang mono wong ayu ingkang wibawa,
tur gungan marang mami,
yen kelakon mothah,

angepak-epak sira,
pantes angidoni rai,
sapa weruha,
rasane ati mami.

33. Sang Sri Bisma tanya mring Udanprahara,
radyan denira jurit,
saniskaranira,
wus ngaturken sedaya,
halatah Sri Urubismi,
Radyan Buntaran,
Watangan asru angling.

34. Menakjingga raimu pindha rang utan,
ge patenana mami,
belakna jeng rama,
mara ta enggal mara,
ingsun patenana mami,
aja klayatan,
tigasen murda mami.

35. Latah-latah sira risang Urubisma,
Ratu Mas Majapahit,
iba dukanira,
marang jeneng ingwang,
lamun radyan sun pateni,
yekti tan bisa,
atut lan jeneng mami.

36. Radyan kalih wanti-wanti panebdanya,
ge mara Menakjingga,
patenana ingwang,
sedene pra narendra,
matane pating pecicil,
tan arsa enggal,
payo untabna mami.

37. Singa mulata tansah domblong kewala,

ebat mring radyan kalih,
ngandika Sri Bisma,
ge bocah kajineman,
bocah loro dipun aglis,
aturna marang,
Kyai Pamengger aglis.

38. Rineksaa ing sasandhang-panganira,
narga den ngati-ati,
aja kongsi gagal,
lan aja kongsi pejah,
padene sira neng margi,
dipun prayitna,
ja kongsi neniwasi.

39. Sampun bidhal datan kawarna ing marga,
ardi Mahmeru prapti,
ngarsanira ajar,
Pamengger duta nembah,
angaturken radyan kalih,
njenger sang tapa,
menggah dadining jurit.

40. Boting tresna Pamengger denya peputra,
radyan kinunjara glis,
ing kunjara waja,
ing jawi tinuguran,
caturdasa para mantri,
wong kajineman,
Demang Gathul neng jawi.

41. Tan tinata dene janma sampun tuwa,
wus angsal sedasa ri,
Demang Gathul minggat,
ngupaya srayaning prang,
janma ingkang guna sekti,
ingkang supaya,
ngrebat mring radyan kalih.

42. Siang dalu Ki Demang Gathul lumampah,
wus datan nyipta urip,
anasak ing wana,
ajrih medal ing marga,
yen konangan ingkang baris,
wong Belambangan,
mila nasak wanadri.

43. Sampun tebih ki demang sareng amulat,
babadan anyar dadi,
lajeng lampahira,
sareng mawas ing sendhang,
ki demang lega kang ati,
sareng rumangsa,
bakal mangan rejeki.

44. Pira bara ana uwong sesadean,
ayun wruh raseng gigit,
tandya wonten tiyang,
ngangsu marang ing sendhang,
Ki Demang Gathul tanya ris,
sinten kang gadhah,
babadan anyar dadi.

45. Kang tinanya mangsuli punika radyan,
arya ingkang darbeni,
Dipati Lumajang,
tutruka aneng wana,
duk binedhah Urubesmi,
kasor ing yuda,
wong anom merang mulih.

XI. SINOM

1. Warnanen Dyan Menakkoncar,
kang tutruka neng wanadri,
sampun angsal tigang warsa,

tansah anggagabah dasih,
prandene ora lali,
aklangenan ngaben sawung,
yen dalu tansah begsan,
siyangnya ngaben kemiri,
wus mangkana karsanya Dyan Menakkoncar.

2. Sanggrahan supit kang marga,
arga gawat kang den nggoni,
pan ora mantra kinarya,
pesanggrahan tur bibiti,
kamot sagarwa selir,
pawongan cethi sadarum,
lan dasih panakawan,
sasikep-rayate sami,
truna lanang kawandasa baris samar.

3. Ciptane Dyan Menakkoncar,
kalamun dipun inggahi,
sumedya rerempon ing prang,
jalu estri tan na keri,
tuwa-anom sami,
mangkana ing labuhipun,
ya ta marmaning dewa,
rumeksa marang ing dasih,
awit saking nglabeti ing reh raharja.

4. Lumuh marang ing kanisthan,
lalu oncat abebaris,
sumesep titahing aprang,
rupane pininta ing sih,
tiyang dhusun kang tebih,
gelondhong siperi mungsuh,
pra sama atur segah,
mematengi kebo sapi,
bebek ayam beras pari gegotongan.

5. Kang saweneh laju mara,
ndherek tutruka wanadri,
sumekta sikeping yuda,
mangsa sepi mangubengi,
pis-wiring sanggrahaning,
pecalang cemeng kang canguk,
tan kawarna Dyan Arya,
Menakkoncar ingkang selir,
kawandasa ingkang ayu warnanira.

6. Garwanira mung sekawan,
ingkang datan kangge wadi,
sembada ing warnanira,
semune den iming-iming,
mring sagung kang ningali,
akarya brangta wilangun,
kayungyun ingkang mulat,
garwane pat sinandhing,
ayu-ayu sinome cumengkrama.

7. Kang sepuh putri Mekasan,
tengran Sang Dyah Angronsari,
sing Acih mangka panenggak,
tengran Sumarsanasari,
panengahira saking,
Siyak tengran Mayangsantun,
pamekas Mertasana,
tengran nonah Mancarsari,
nracak kabeh garwa selir kagog nyonyah.

8. Penganggone sesabrangan,
bedane lan sabrang yekti,
namung waja lan sengkangan,
sengkangan cara Jawi,
neracak uger estri,
basane cara lumayu,
saweneh bangsa Mandar,

dyan arya tuhu bendhing,
dhasar nyancer sugih bojo kuwarisan.

9. Lan wus pagesanganira,
denya kulina mring estri,
ancar para ancikan,
tan kena towong sawengi,
anggere lamun sasmi..... pitu,
inggaring ..... sanga,
yen kurang angolang-aling,
luhung imbuh wurune anger kewala.

10. Yen eses pacitanira,
mentul sarwi den mimisi,
sinungsun jlethoting jlagra,
mimis riniyaken mijil,
tibeng bisaka titis,
naratas ing gebyok butul,
anulya ingukuman,
beter tanapi brandhuwan,
gelasira sajenthik isi satengah.

11. Tinutuh ing tertih panas,
tehira tur teh Cingkoa,
cangkire mung sanyamplungan,
pemangseke raras-rabi,
nanging mangke dyan mantri,
wus pinedhot esesipun,
kantun nguntal kewala,
saben enjing rolas ranti,
saben sore pendhak esuk nora beda.

12. Selamine radyan arya,
duk kasupit nyidrapati,
punika lajeng sengara,
tonobatake madati,
winawrat tan prayogi,
suda kaprawiranipun,

lesu tur cekak napas,
bencirih kerep sesakit,
ewuh aya arubet yen manggih karya.

13. Mila ngantya sapunika,
mantun eses radyan pekik,
kajawi yen ketamuwan,
tanapi nimbali dasih,
ngambeti saking sekedhik,
ngecani sarating patut,
tanapi yen sesanjan,
dyan arya tan darbe karsi,
pengangguran kewala ngecani manah.

14. Amrih rahabing sesanak,
lan kinarya ngudi pikir,
tepungan lan para sobat,
sedyanira radyan mantri,
lumadwong madati,
bisa ngomong tanpa nganggur,
cacate mung satunggal,
raga rusak tur bencirih,
ye katlangsa lali anak bapa biyang.

15. Mangkana ingkang kawarna,
radyan lagya ngaben peksi,
lan wadyanya truna lanang,
tohira ginoco keris,
aneng ing tarub jawi,
den iring gundhiknya wolu,
angampil gandawida,
gantenan tanapi sumping,
lawan onggaberduin lan pangunjukan.

16. Tanapi talam wadhah glas,
kang jagi inuman gilir,
gamelan munya angraras,

clempung rebab lawan suling,
salompret lawan gong beri,
ketipung amung dinumuk,
patut raras manyura,
tandhake anyenyindeni,
wadyanira ing manah samya gambira.

17. Ya ta kesaru praptanya,
Demang Gathul mawa tangis,
nyungkemi padane radyan,
sesambate melas asih,
kagyat rahadyan mantri,
apa paman karanipun,
sira prapta ing wana nungkemi,
wis lungguha paman matura maringwang.

18. Ki Demang Gathul wot sekar,
Gusti kawula tur uning,
rama paduka Ki Tuban,
samangkya kesambut jurit,
lan Menakjingga aji,
sabalakuswa gempur,
pramenak tumpesan,
satunggal tan wonten keri,
kuwandhane rama paduka ingobar.

19. Aneng madyaning paprangan,
arinta radyan kekalih,
Buntaran radyan Watangan,
sumedya alabuh pati,
pra menak pra tumenggung,
wusana rayi tuan,
kecakup madyaning jurit,
pan ing mangke rinta kalih kinunjara.

20. Aneng ing Mahmeru arga,
rineksa Pamengger aji,
seklangkung kawelas arsa,

ing mangke sumangga Gusti,
luware rinta kalih,
mangsa boronga pukulun,
anging tyas Menakkoncar,
sapandurat tan kena ngling,
ing wusana dyan arya mijil kang waspa.

21. Dhendheng sidhep kang sumewa,
Demang Gathul matur malih,
kados pundi karsa tuan,
luware arinta kalih,
liya paduka Gusti,
kang wlas mring rinta pukulun,
Menakkoncar ngandika,
witning bapa ingsun iki,
luwih tresna bapa marang ramanira.

22. Nanging ingsun wus tan pasah,
bapa mring si Menak anjing,
sarta wis titi-antara,
bola-bali sun ayoni,
si asu ajak sekti,
aguna serana punjul,
bisa angadu bala,
sedene mengsah pribadi,
bapa kadi kaya ingsun tobatena.

23. Amungsuh si Menak alas,
ingsun iki uwis ngungsi,
sajroning pangimpen kalah,
malah asring kagum bengi,
katon den isin-isin,
diburu mring Menak asu,
ya wedi-wedi bapa,
ingsun pan ora gegingsir,
sun tan wani mring siasu Menakjingga.

24. Yen ta liya Menak alas,
dunen karo awak mami,
sapa bapa mungsuhena,
dhasar teguh awak mami,
dhasar teguh sayekti,
sianjing mula pinunjul,
jaba kinedhepana,
ilang bapa ingsun wedi,
anggere aja musuh lawan gajah mekta.

25. Umatur malih ki demang,
pagene arinta kalih,
mungsuh lan pun Menakjingga,
katrungku Semeru ardi,
radyan anglingnya aris,
nyawa ingsun datan sanggup,
satanah sabuminya,
sabalane Menakanjing,
sun wus wedi lan banget kawus manira.

26. Ki Demang Gathul karuna,
gustine sinambat tangis,
dyan arya tumut karuna,
seklangkung putek kang galih,
sing wrat tresna mring ari,
mring Menakjingga sru takut,
Demang Gathul wot sekar,
wuwuse awor lan tangis,
sun kauli Gustiku yen nyaguhana.

27. Angrebat rayi paduka,
yen sampun kelakon benjing,
wus luwar saking kunjaran,
arinta Retna Sekati,
sampun lyan kang darbeni,
kejawi amung pukulun,
benjang kawula ingkang,

matur dhateng rinta kalih,
sarta purun konjuk dhateng Prabu Rara.

28. Sok si dhasar kelalana,
luware rinta kekalih,
sumedhot tyasira radyan,
mangangen-angening galih,
dhasarira sampun wrin,
mring dyah Sekatisang ing rum,
liya Sang Prabu Rara,
wanodya sanungsa Jawi,
datan ana kang kaya Sang Dyah Sekati.

29. Kuning-kuninging sarira,
pan memak-memaking weni,
pan jaiting tingal,
pan manis-manising lathi,
pacaknya dhasar kuning,
jekining solahe alus,
eseme getir kilang,
cumengkling pamidhang wiwing,
baya imbuh benjang lamun diwasa,
pinetangan pesatuanne utama.

30. Derman putra sugih donya,
atutut ingkang rejeki,
tur tumiba naking-sanak,
cacate kerep rebut sih,
nanging keduwung ugi,
wong ayu asugih maru,
wibawa sugih bandha,
aninong uning ananing,
radyan arya ing galih,
lir guladrawa.

XII. DHANDHANGGULA

1. Paman demang ing mangke sang putri,
apa isih neng negara Tuban,
apa manjing kedhatone,
matur Ki Demang Gathul,
pawartose wus manjing puri,
yata mesem dyan arya,
paman jangji mau,
sok aja oncat kewala,
sun labuhi yayimas satriya bendhing,
kadange wong Lumajang.

2. Nimas nora duwe tingal kalih,
rakapara wong ladak sembada,
bancer tur landhung lancure,
dhasar wong tau ji-tus,
sampun susah andika yayi,
pun kakang nunten prapta,
ngrebat sang binagus,
oneng brangta dereng wulan,
wadana sun lelipur nimas yayi,
meksa kangen mring sira.

3. Manik harja wigena nawangsih,
dipun lana paman demang sira,
aja cidra ubayane,
dodol gula riningsun,
wisa agung munggeng jaladri,
nadyan lali kang warna,
tenaga tan pandung,
kang sela panglawet ganda,
padha pisan kang palwa kandheg jaladri,
sun labuhi yayimas.

4. Demang Gathul tandya pinisalin,
kuluk kampuh tanapi calana,

samekta sawangkingane,
mentar sampun rinasuk,
sawusira ngandikan malih,
dyan arya langkung rena,
dhateng Demang Gathul,
wus wantunira dyan arya,
lamun wonten sayekti kang dados galih,
mradhah padha sakala.

5. Gya parentah radyan marang dasih,
wadya truna lanang kawandasa,
enjing wus budhal barise,
yata radyan wus kondur,
Demang Gathul tansah kinanthi,
prapta ing pelataran,
radyan celuk-celuk,
mring garwanira sekawan,
catur dungik kemprong datan ana mijil,
mirah mring endi sira.

6. Wong adhenok mirah wong akuning,
wong asedhet singset maya-maya,
wong gandhes luwes tan miyos,
yata kang garwa catur,
methuk marang plataran asri,
wusing prapta plataran,
radyan arya gupuh,
mlajar pinondhong sigra,
mentar sengka den aras prembayun kalih,
pur ciyum sama nonah.

7. Sungguh-sungguh trak selain-lain,
bini ampat sama kita orang,
mintak ampun nonah ingong,
nyemot pinondhong wangsul,
ingudhunken jajar lumaris,
garwa sekawan tansah,

sinambrameng tembung,
sumrak-sumrah jahit tingal,
radyan arya pinarak lan para rabi,
aneng dalem jerambah.

8. Atap andher sagung para selir,
Demang Gathul malunggweng ing ngarsa,
tansah nyolong liring domblong,
denya linggih merkungkung,
wus sinungan ganten lan her tih,
saya sinung gigitan,
ki demang acakut,
dhasar sanget ketagihan,
wirang suda asirik ketemu wuri,
gapyak kepanggih ngarsa.

9. Suka gumuyu rahadyan mantri,
Demang Gathul tandya inguncalan,
tike sakepel mring raden,
tinampen sumarikut,
tur rumaket ngesorken ati,
anulya linarihan,
jenewer gya nginum,
Demang Gathul saya enggar,
kena tyase dyan arya paringnya mintir,
warna kang endahendah.

10. Ki mas demang matur sarwi gigit,
saya ngadek suraning wardaya,
emut duk anom-anome,
anggedhe sanggupipun,
radyan arya pundhutan mijil,
gendhing munya mangraras,
kang ngladeni pra rum,
tandhakira endah-endah,
pitu sarya sindhene panuju galih,
lelejeme mring asmara.

11. Tandya dhahar dyan arya myang larih,
Demang Gathul tandya sinunggata,
nora pegat pendangone,
suka tyasnya sang bagus,
garwanira sekawan sami,
larih sarya ingaras,
sasebdanya cucut,
dene para selir ingkang,
angladosi tansah tinimbang liring,
kang manglung gya ingaras.

12. Kang saweneh tinutul keng pipi,
kang saweneh den mek pembayunya,
weneh pinijit drijine,
ki mas Demang tumungkul,
mesem-mesem amaolehi,
pandulunya mring radyan,
amenuhi kayun,
gung tandhak kinen anjawab,
mring ki demang waneh ana kang ngepeti,
weneh nglarihi dhasar.

13. Demang Gathul eseme piningit,
nora kawrat sukane wardaya,
eling duk anom-anome,
irunge menut-menut,
radyan asru gumyak duk uning,
pra garwa tutup waja,
eseme pra arum,
dumugi denira dhahar,
radyan arya gya ngajengken kuwih-kuwih,
dhahar wus linorodan.

14. Radyan arya mundhut sepah aglis,
mring garwa sepuh Dyah Angronsekar,
gya mulung saking lathine,
tinrimeng waja gupuh,

manglung sang dyah ingaras jiwit,
sarya mesem dyah nabda,
ana Demang Gathul,
apa ora isin mono,
radyan latah isin-isin apa yayi,
saradan timur mula.

15. Demang Gathul sarya nglirik-lirik,
radyan arya mesem angandika,
paman duk sira masih nom,
apa ta nora tau,
sesepahan lawan sibibi,
Demang Gathul wot sekar,
inggih sang binagus,
anem ngantos sapunika,
ulun maksih sesepahan lan pun bibi,
mesem sagung kang myarsa.

16. Sira Demang Gathul matur malih,
remen ulun pun bibi punika,
yen asung sepah sawiyos,
jebugipun wewolu,
sedhahira pan kalih candhik,
gambir sakojong mangang,
jetipun saketul,
puniku ujaring sepah,
Angronsari gumujeng anutup lathi,
dyan arya gumujeng latah.

17. Garwa kalih majeng angonyohi,
Sumarsanawati Mayangsekar,
radyan ambapang astane,
asta kang kananipun,
ngiras jaja nggenya ngonyohi,
dumugi lan panenggak,
asta keringipun,
lan pungkuran Mayangsekar,

duk dinirdak astanya radyan angampil,
anyuwol payudara.

18. garwa kalih mesem nambung liring,
cinethotan radyan lambungira,
radyan alatah guyune,
garwane Mandarsantun,
saos sekar radyan ngesemi,
manglung sarta ngandika,
baik nonah taruk,
kita tak cium sebentar,
mari dekat manggili sapunya sumping,
kras nonah lekas-lekas.

19. Sang dyah mesem tandya manumpingi,
manglong-manglong sarta alelewa,
sang dyah ..... n e, (teks asli pancen mekaten)
noranggeng mundur-mundur,
cara Mlayu sarwi nudingi,
jangan tuwanku jangan,
permain precium,
Sistrak malu banyak orang,
sampik sakit ponya tetek dhuwa kali,
purkerja premainan.

20. Gumya latah sira radyan mantri,
kongsi mata walangen ki demang,
pating karejep sungsume,
kepengin semunipun,
wong jelarat wong sugih rabi,
kinalulutan ing dyah,
nglangsarken ngracium,
sembada kang para garwa,
bangun turut tajem sasmitaning lungit,
tur wignya lulut trena.

21. Wun dumugi denya bojakrami,
sira radyan dhateng Gathul Demang,

tandya wus kinen lumengser,
datan kawarneng dalu,
Menakoncar pamit mring rabi,
arsa ngrebat arinta,
ing Tuban sang sunu,
garwanira kawandasa,
pan ra ..... i, (teks mungel mekaten)
wong jlenthir bancer cikcar.

22. Wong jelarat-jalirit jlekithik,
dhandhing wewing bendhing tur smarendan,
lemet tetep bebrengose,
beranyak ladak patut,
seret-seret asugih wani,
tan kena ingungkulan,
ing sesaminipun,
gecas-gecos pratandangan,
Menakoncar tan kena den mejanani,
sekala tandya numbak.

23. Para tabok tur para tempiling,
para pisuh tur para sudukan,
tur jumenggleng kekulite,
semana dyan kawuwus,
enjing sampun sumekteng jurit,
tinon lir Krendhaputra,
pra garwa ingimur,
warata ..... para selir ginanter nolak,
wus tan nolih ing wuntat.

XIII. PANGKUR

1. Wus budhal sawadyanira,
Menakoncar pinajeng kertas wilis,
pinarada abra murub,
cemeng titihanira,
pancal-panggung aranira ki Jethayu,

sawadyanya truna lanang,
Demang Gathul datan tebih.

2. Wus prapta sukuning arga,
Mahameru pertapanya sang yogi,
wanci surya nunggang gunung,
karsanira rahadyan nyidra ing dalu,
kudanira cinancangan,
inggahnya dipun dharati.

3. Parentahnya rahadyan,
wadyanira kinen ngulur kang baris,
haywa na nyimpang kang laku,
radyan tindaknya ngarsa,
amung Demang Gathul datansah tut pungkur,
sarta ambekta busana,
pinisalin dhuwung kalih.

4. Lampahira peteng gagap,
sarta matak sirep sira dyan mantri,
bikakira wus lestantun,
kawarna kajineman,
kawandasa kang jagi kunjara tepung,
saklangkung prayitnanira,
datansah prayitneng westhi.

5. Gegamanira liniga,
sanjatanya tiga wus den iseni,
kunjara waja kinepung,
pan sami seseretan,
kang wus nguni inggatnya ki Demang Gathul,
wus rumangsa tan darbe rah,
tan wurung nemu bilahi.

6. Ya ta wus udan prahara,
pun Baratkatiga prayitneng batin,
sampun karsaning dewa gung,
keneng pangaribawa,

kajineman kawandasa sami turu,
warnanen kang neng kunjaran,
saklangkung kawelasasih.

7. Tanpa dhahar lawan nendra,
datan liya ingkang kacipteng galih.
amung kang amarna ing pandum,
kang sung siksa lan harja,
kang pininta ing siyang pantaran dalu,
kang murwa urip-palastra,
ngapura dasih kang sisip.

8. Radyan Buntaran semana,
rem-rem ayam sasmita aningali,
anenggih luhuripun,
sumlorot saking wiyat,
kang jejuluk Hywang Semedi Maha Wiku,
ambubrah kunjara waja,
lan malih Sang Mahayekti.

9. Aparing sekar Wratpuspa,
pan sejodho pasang kelawan ari,
radyan kagyat pungun-pungun,
paring priksa mring rinta,
anjarwaken mring sasmitanira wau,
dyan kalih asrep ing driya,
rumaos badhe angsal sih.

10. Dening hywang kang mahamulya,
pan kesaru dyan Menakoncar prapti,
wayahira tengah dalu,
mengintip ing kunjaran,
rowangira pan amung ki Demang Gathul,
dyan kalih kagyat gya nyapa,
wong apa angintip-intip.

11. Apa sira kajineman,
lumebuwa ge patenana mami,

ingsun ora bisa kantun,
lawan rama dipatya,
ya ta Menakoncar ingkang lampah pandung,
angres duk myarsa sesambat,
ira radyan ari kalih.

12. Ki demang winangsit radyan,
saurana paman yayimas kalih,
ywa salah grahiteng kalbu,
wruhna yen ingsun prapta,
Demang Gathul mrepeki kunjaran gupuh,
umatur mring kalih radyan,
Gusti pun bapa kang prapti.

13. Dene kang ngintip punika,
raka tuwan ing Lumajang dipati,
Menakoncar sang binagus,
arsa ngrebat paduka,
radyan sareng karuna sarwi umatur,
kakangmas ulun tan nyana,
panggih lan paduka yekti.

14. Dyan arya tumut karuna,
dres kang waspa tansah dipun usapi,
sabdanya mangungun-ungun,
panggih pinten prekara,
radyan nabda lan ari kekalihipun,
darbe kadang pinten ingwang,
kejawi yayimas kalih.

15. Radyan Menakoncar nabda,
jangan susah luware yayi kalih,
seksana dyan arya gupuh,
kinepel astanira,
beg serosa lawang kunjaran jinagur,
gya remuk sawalang-walang,
dyan kalih gupuh nungkemi.

16. Ing pada dyan Menakoncar,
gya karuna sambate melasasih,
dyan arya mangrangkul gupuh,
Demang Gathul karuna,
sarya begsa tetayungan wongsal-wangsul,
dyan kalih lan Menakoncar,
dangu rangkul-pinengkul sih.

17. Rayi kalih wus sinungan,
kang pisalin sampun rinasuk sami,
radyan Buntaran gya matur,
yen marengi kakangmas,
pun Pamengger badhe kula amuk,
dyan Menakoncar ngandika,
heh ta sampun-sampun yayi.

18. Pamengger tan darbe ala,
dadining prang atasing Menakjingga,
lan malih Pamengger iku,
pandhita gentur tapa,
yekti mandi ing supatanipun,
kerana Hyang Suksmataya,
amurahi mring dedasih.

19. Wangsul kajineman ingkang,
ingkang tunggu yayi kunjara-wesi,
ulun cacake sadarum,
pun kakang petagihan,
sampun lami tan kambet tanbiring busur,
matur nuwun kalih radyan,
sakarsa raka mestuti.

20. Warnanen wong truna-lanang,
saya dangu saya kathah kang prapti,
wus kumpul wong patangpuluh,
sumekta ngarsa radyan,
Menakoncar tandya suwareng ing wadu,

sakehing wong truna-lanang,
sun pundhut karyamu sami.

21. Wadyane si Menakabang,
kajineman ijenana sami,
dene ta lelurahipun,
loro ngengehna ingwang,
dyan Buntaran Watangan kalih mesat wus,
tan kawrat raosing driya,
mring raka tan ngantya pamit.

22. Mrepeki wong kajineman,
kawandasa kepati genya guling,
Rahadyan Buntaran asru,
gugah kang sami nendra,
sinosokan ing obor gya tangi gugup,
apan sami bilulungan,
mundur sing prenahing nguni.

XIV. DURMA

1. Awas mulat kajineman kawandasa,
bubrah kunjara-wesi,
radyan kinembulan,
sikep baris tiga,
saweneh ganthol nyempuling,
gareneng canggah,
ganthol kelawan keris.

2. Radyan kalih pengamuknya karo tangan,
sinosok ganjur lungit,
kadi panjangputra,
sinosok alang-alang,
pinetor gepeng kang mimis,
singa sinerang,
mati pan tinampiling.

3. Wadya truna-lanang ngebyuk anyuriga,
goco-ginoco sami,
tinumbak tan pasah,
jumenggleng lalu kontal,
singa tinerajang mati,
wong kajineman,
ginagap sampun gusis.

4. Radyan Menakoncar lumumpat nerajang,
Udanprahara aglis,
ingancas mukanya,
ingukel ponang rikma,
budi maputer-mangungkih,
radyan winekang,
radyan gya mangsah malih.

5. Mukanira Udanprahara tinepak,
mlocot kang ponang kulit,
anggero lumajar,
tinututan ing riyak,
cumeplos sirahnya keni,
bokong neratas,
Udanprahara mati.

6. Sira Baratkatiga paksa kaliyan,
lawan putra Tubin,
ginoco tan pasah,
binuwang datan kentas,
malih nutut datan busik,
kinalih datan,
kungkih rahadyan kalih.

7. Menakoncar tetulung sima ngancap,
pyuk puter maglut ngungkih,
dyan arya binuncang,
Watangan ngrasuk sirah,
mangukel rambut manguntir,

radyan jinengkang,
binuwang kentas tebih.

8. Dyan Buntaran Watangan sareng tinampan,
sangklet masilih ungkih,
Radyan Menakoncar,
lereh sarya amucang,
sinambi ngidung rarepi,
swara lir kilang,
sekar sinom-pangrawit.

XV. SINOM

1. Kumenyut raosing driya,
kengetan kang pindha Ratih,
pun kakang brangta mangarang,
lamun tan kepadhan ing sih,
sun pepinta wong kuning,
sun karya sambunging umur,
pantese asung gantyan,
tur mulung saking ing lathi,
pragat jangga yen wurung panggih bendara.

XVI. DURMA

1. Dyan Buntaran adangu kakal-kakalan,
lawan pun Baratkatri,
dyan kungkih pinengkang,
binuwang tibeng tebah,
Baratkatiga gumingsir,
pinapak Radyan,
Menakoncar wong benthing.

2. Asru krodha sira tinubruk amilar,
Baratkatiga aglis,
binalang matanya,

ing susur mring dyan arya,
cumeplos maniknya titis,
kepala nratas,
kuwalik gya ngemasi.

3. Mawurahan drawasi mring kang singitan,
pandhita ngindhit-indhit,
endhangira bandhang,
guntung angglundhung jurang,
angguyu lumayu gendring,
puthut ambethat,
ajare kocar-kacir.

4. Hya Pamengger anglengger tan bisa ngucap,
resi-resi ing ngarsi,
susah asar-saran,
myarsa swara gumentar,
gantere asilih-ungkih,
kunjaran bubrah,
kajineman magusis.

5. Lingsir dalu dyan arya lan putra Tuhan,
myang kinen tindak wukir,
tan kawarnengmarga,
prapta tatrukanira,
winawang babadan asri,
semunya radyan,
dasih kinen rumiyin.

6. Kinen karya pakuwone putra Tuban,
myang kinen andhawuhi,
mring garwa sekawan,
kinen sesaji endah,
tuwin sagung para selir,
kinen paesan,
bedhaya miwah srimpi.

7. Dyan warnanen sira Radyan Menakoncar,
lawan arinta kalih,

wijil pisan prapta,
ingurmatan sanjata,
kang kalataka mawanti,
gendhing gumentar,
kodhok-ngorek mawanti.

8. Regol ing jro carabalen munya raras,
salendro anisihi,
kang munya ing tratak,
gendhing pelok tur endah,
niyagane para estri,
kang para garwa,
muwah kang para selir.

9. Samya methuk atarap neng palataran,
Sang Dyah Kalpikawati,
Kalpikaningsih lan,
samya methuk plataran,
kanthen asta sang dyah kalih,
lir daru kembar,
sarya maoni gendhing.

10. Dhasar ayu wasis barang wiraga
putus sandining kawi,
utameng ing sastra,
gandhang ragakerana,
ngrampungi saliring kardi,
Sang Dyah Kalpika,
wati Kalpikaningsih.

11. Nanging samya piningit dhateng kang raka,
dyan arya tandya prapti,
jroning paregolan,
Buntaran lan Watangan,
Demang Gathul tansah wingking,
Dyan Menakoncar,
nguwuh-uwuh mring rayi.

12. Sarya riyak gumuyu malatah-latah,
garwa myang para selir,
lumayu rantaban,
dyan arya binondhetan,
ginubel ing para rabi,
arebut papan,
dyan arya kempas-kempis.

13. Kang den aras padmine sekawan,
ing reh karoban tandhing,
para selirira,
amung sinruwe sabda,
weneh ingusap kang weni,
weneh lambungnya,
weneh ngusap kang pipi.

XVII. KINANTHI

1. Dalem pakuwon wus rawuh,
Menakoncar wong abenthing,
genti-genti nuksmeng pada,
sagunging para rabi,
miwah kang para klangenan,
sadaya samya mestuti.

2. Rinta kalih sami kantun,
Kusuma Kalpikawati,
tanapi kang teruna,
Retna Dyah Kalpikaningsih,
kalih ngabekti mring raka,
winawang inglus mawanti.

3. Sarya ngandika sang bagus,
dhandhing temen bocah iki,
begjane kang darbe garwa,
nora wing-wang ari mami.

menek dhapat keuntungan,
ngong tukarken sama baik.

4. Punya rugi manah untung,
myang dhapat saya nyang kasih,
pramula saorang kalah,
tapi blakang untung lebih,
musti satu sama dhuwa,
trakjeng ampah nonah baik.

5. Menakoncar medal gupuh,
mring pandhapa wong abenthing,
wus lenggah kursi rahadyan,
kalawan arinta Tubin,
tanapi ki Gathul Demang,
klilan dherek lenggah kursi.

6. Wong trunalanang supenuh,
andher neng ngemper pandhapi,
angepah Dyan Menakoncar,
rinta kalih sinung larih,
pra gundhik kang nangga dhasar,
suryabisika weh brangti.

7. Sekawan samya yu-ayu,
apengawak lindhusari,
wolu busananya kembar,
kongas gandanya trus minging,
katiga sekawan demang,
wus sami nginum berdhuwin.

8. Larih mundur her tih maju,
kopi pohan datan keri,
tanapi manisanira,
angladosi para selir,
penganggone kagok nonah,
wolu kinembar respati.

9. Dyan tiga sekawan Gathul,
ngunjuk wedang angresepi,
sineling sesindhen tandhak,
dhudhuknya sineling kursi,
Radyan Buntaran Watangan,
tumungkul suka ing batin.

10. Kang gendhing rarasira rum,
penabuhnya mung jinawil,
salendro pelok ginantyan,
kang ngenyutaken ing galih,
gundhikira mundur mara,
rerep wor rarasing gendhing.

11. Wong truna-lanang sadarum,
wus samya sinungan larih,
wedang teh kopi manisan,
enggar gambira batin,
nuli dyan arya ing Tuban,
kalih samya nyuwun pamit.

12. Mundur mring pakuwonipun,
kang raka sampun nglilani,
ya ta sampun lelúwaran,
wong truna-lanang wus mijil,
warnanen atmajeng Tuban,
neng kuwon rahadyan kalih.

13. Wus manggih busana sampun,
sampun ingagem pra sami,
akathah lamun winarna,
warna sutra peni-peni,
mas manika sesotya retna,
pinatut-patut ri kalih.

14. Pengagemnya linuhung,
rakanta tuhu winasis,
sandine wong darbe karsa,

dedalane den pranteni,
sakarsa nora sumengah,
sekar-sekar amenuhi.

15. Dhaharan samekta sampun,
buwah-buwah kuwih-kuwih,
wus tinata munggweng meja,
teh pohan wedang kopi,
bardhuwin anggur sapanya,
sri brendhi sineling-seling.

16. Gamelan munya sumrah rum,
padha kerasa ing ati,
radyan arya saya suka,
saklangkung gumolong kang sih,
mring rakanta Menakoncar,
kurang winalesing pati.

17. Akathah lamun winuwus,
bojakrama amenuhi,
Ki Demang Gathul carita,
saniskaranireng nguni,
ing purwa prapta wusana,
prawiranya radyan kalih.

18. Ki Demang luwes kang wuwus,
pinatut lan adu manis,
tan arsa carita madya,
amung kautamaneki,
rukunya genya kekadang,
aywa na selayeng budi.

19. Pinrih rejanireng kayun,
winor ing upama ririh,
arah-arah dongengira,
sinangkan tepa-palupi,
dyan kalih suka ing driya,
sakarsanira lumiring.

20. Demang Gathul malih matur,
aturira makolehi,
jarwa labetaning rama,
myang labuhaning nerpati,
lan pambeganing satriya,
sarta hambeging wong luwih.

21. Dyan kalih sanget kayungyun,
kawayang tutur ngarteni,
artinya Ki Gathul Demang,
ubaya-bahya kang pinrih,
tur tetep tinetepana,
barang kang luwih utami.

22. Temen-temen amrih rukun,
raketnya rahadyan mantri,
kang raka Dyan Menakoncar,
dyan kalih samya mestuti,
asrah jiwaraganira,
mring rakanta wong benthing.

23. Tandya pecaka bok-ayu,
Kusuma Retnasekati,
kinarsan yen tan sinungna,
nadyan ingkang pati urip,
kasrah Raden Menakoncar,
rehning kadanan antep sih.

XVIII. ASMARADANA

1. Sampun sadina sawengi,
sira sang atmajeng Tuban,
mangkya sareng winiraos,
Radyan Arya Menakoncar,
ing dalu akasukan,
lan rinta kalih sang bagus,
neng pandhapa abebegsan.

2. Dyan arya pinarak kursi,
den adhep garwa sekawan,
pra selir neng wuri andher,
dyan kalih sowan neng ngarsa,
lawan Ki Gathul Demang,
wong truna-lanang supenuh,
asri lir sekar setaman.

3. Ngagem nyamping kawungpicis,
paningset cindhe rinenda,
respati dhuwung ingogleng,
rasukan beskat rinenda,
baluduru biru menggah,
kalung rante mas sinawur,
sesotya karset apelak.

4. Kuluk kanigara mundri,
retna kudhuping sekar,
cindhe puspita sondhere,
sarempang kesting bludiran,
canela binludir mas,
wong bancer panjang kang lancur,
bocah ladak kuwarisan.

5. Dyan arya ngandika aris,
winoring esem manisnya,
ya ta yayimas kalihe,
pun kakang ing nguni mojar,
adarbe penadaran,
sejatine lir wong kaul,
ya ta yayi luwarana.

6. Apan wusing ujar mami,
yen pun kakang saged ngangkat,
dhateng yayimas kalihe,
pun kakang angsung pawongan,
jurunutu jurudang,

mring yayimas wong abagus,
sami kadangnya pribadya.

7. Yayi Dyah Kalpikaningsih,
kasrah mring nimas Buntaran,
yayi Kalpikawatine,
kang srah mring rimas Watangan,
matur nuwun kalih dyan,
nanging ta pameting ulun,
benjang yen sampun klampahan.

8. Kawula saged mangsuli,
inggih paduka kakangmas,
ing mangke lenggana ingong,
baya ginuyu ing jagad,
kakang-bok ulun garwa,
benjang wonten Majalangu,
kawula amales trisna.

9. Punika bilih menawi,
pareng karsanya kakangmas,
tur punika taksih tangeh,
tan paja-paja miriba,
nimbangi sih paduka,
kang rumentah ulun,
amesem dyan Menakoncar.

10. Mingser genira alinggih,
pating karejot kang slira,
akathah-kathah kraose,
kabelet sukaning manah,
dyan arya Menakoncar,
nebda winoring gumyu rum,
yayi ing dadak punapa.

11. Mring pun kakang wong abenthing,
wong ladak tur kuwarisan,
wong parendan tur jeleret,

Dyan Buntaran gya pyayama,
yen kepareng kakangmas,
kangbok Sekati sanging rum,
ngong saosaken mawongan.

12. Sudiya pan boten sudi,
utawi jasad kawula,
sapangreh kangmas rumojong,
dadosa gagentosira,
swargi rama dipatya,
dyan arya ngrepeng pamuwus,
yayi mas langkung katedha.

13. Nadyan pun kakangmas yayi,
sanadyan kapernah tuwa,
tur ya lothung pakaryane,
nanging ta yayi pun kakang,
ing batos ngranupada,
sapangreh ulun mituhu,
yayimas sampun cawengah.

14. Yen sami mangrengkuh abdi,
pun kakang angrenakena,
sapratingkah kabupaten,
miwah pertikeling praja,
tuwin gen sun suwita,
mring Mahanataningrum,
pun kakang srah jiwaraga.

15. Matur nuwun radyan kalih,
tan saged mangsuli sabda,
sakarsa ulunrumojong,
tan darbe tur kalih-tiga,
sarta den yektosana,
yen ta gumingsir asanggup,
sineksenana Suksmana.

16. Dyah arya mesem sarya ngling,

yayi mas kang muga-muga,
jinurunga ing Suksmanon,
kang sarya linanggenena,
denira akekadang,
yayimas lan jeneng ulun,
sineksenana ing jagad.

17. Ki Demang Gathul miyarsi,
ngendika radyan tetiga,
ki demang lega manahe,
tandya majeng amendhapan,
matur sarya lelewa,
ulun nuwun buratarum,
kenginga binekta pejah.

18. Alatah radyan kekalih,
iya paman bener sira,
suwe nora burat nganggo,
ya ta dhenok Angronsekar,
ingsun sungana sekar,
sumping lawan ganda arum,
lan arinira yayimas.

19. Ginawaa yayi dewi,
Kalpikawati kelawan,
Kalpikaningsih padene,
sang dyah kalih tinimbalan,
sarta angampil sekar,
manda-manda tasik arum,
kadya widadari kembar.

20. Arja sinjang cindhe wilis,
semekan jingga rinenda,
kinonang-konang sakebon,
asengkang hernawa muncar,
sang dyah datanpa sekar,
manda-manda tasik arum,
ngambar saaranya kongas.

21. Akalpika siji sisih,
herlaut agebyar-gebyar,
pantes lawan lelewane,
gandrung manis arimang,
byadane wolu majang,
awor gendhing aruntut,
aweh edan kangungrungan.

22. Kasuluh ing pandam lilin,
melok-melok katingalan,
wong kuning-kuninge dhewe,
liringnya sang dyah kumenyar,
lir thathit rebut raras,
dyan arya suka gumuyu,
mring ari kalih pinapak.

23. Prapta ngarsa lenggah kursi,
dyan arya arum ngandika,
nonah dhekat samah raden,
ngaturnya sumping myang ganda,
patut wong duwe sanak,
nadyan kebacut tinutul,
tan kapara dohing pernah.

24. Sang dyah kalih amleroki,
ing liring sarya ngandika,
kakang isin temen ingong,
ngendi ana darbe kadang,
estri kinen bebarang,
marang ing dhedhayoh kakung,
lagi tumon mung sikakang.

25. Mesem ngendika wong benthing,
ngarah apa yayi radyan,
raket tepung sanak bae,
mesem pra garwa sekawan
mrepeki wong kaburan,
dhasar ayu den pepatut,

risangsaya asung rimang.

26. Tumungkul rahadyan kalih,
noraga mangranupada,
dyan arya suka gujenge,
bapa sarya linawedan,
dene Kalpikawatya,
Kalpikaningsih pan sampun,
sinumpingan sira radyan.

27. Demang Gathul jelah-jelih,
anyuwun konyoh lorodan,
dyan arya alon wuwuse,
ya majuwa pana demang,
nuli maju pendhapan,
sinung boreh gya inguyup,
rerahine gupak burat.

28. Sawusnya tayungan bali,
ki Gathul ing pernahira,
acucut salelewane,
Kalpikawati kelawan,
Kalpikaningsih lawan,
garwa sekawan pan sampun,
wangsul lenggah kursi atap.

29. Atmajeng Tuban saya jrih,
mring rakanta Menakoncar,
tansah abukuh lenggahe,
ki Demang Gathul jejegang,
apan sarya sendhenan,
sru kawuron deming apyun,
inguwor kelawan arak.

30. Sinandhingan tandhak ngapit,
sinindhenan kinepetan,
Ki Demang Gathul angompleh,
suka sagung kang tumingal,
menuhken andonraras,

myang sagunge pra arum,
kemanisen roning kamal.

XIX. SINOM:

1. Sampun samya lekas begsa,
wong truna-lanang mangrangin,
begsa Jebeng Tameng-dhadha,
nracak samya wasis-wasis,
rakit myang sudira mrik,
genti pak suduk-sinuduk,
datan ana kuciwa,
pedhang-pinedhang tan busik,
surakira arame angadu gemak.

2. Wus angsal rambah ping tiga,
wong truna-lanang mangrangin,
dyan arya alon ngandika,
heh paman demang siyayi,
sasukanireng galih,
yen karsa begsa riningsun,
Demang Gathul lon mojar,
kawula ingkang makili,
nanging sampun mawi gesrek sesudukan.

3. Kang guyu ambata rebah,
sagunging kang aningali,
saksana rahadyan arya,
amiyosaken sarimpi,
busananira sarwa di,
ebek srinatan sinawur,
kadya jim kamanungsan,
tinon lir tan ngambah siti,
kang tumingal sami brangta karungrungan.

4. Lir dhadhali nampar tirta,
awor lan wileding gendhing,

akeplok ambal-ambalan,
senggakira angedhasih,
sira atmajeng Tuban,
esemira tan kawetu,
tansah nglirik mring raka,
mangunandikaning galih,
dhasar baut lelancure wong Lumajang.

5. Aladak tur kasembadan,
acucut datan nyenyengit,
tur sembrana parikena,
sasebdane den lungguhi,
cacade mung sawiji,
rada kepara ing rusuh,
tan bisa mengku ing rat,
dudu pusakaning bumi,
wus bobote amukti aneng Lumajang.

6. Gya nglirik mring sang kusuma,
Dyah Dewi Kalpikawati,
radyan gineget lathinya,
kumesar angres ing galih,
dugi denya ningali,
tan kanyana liyanipun,
warnanen radyan arya,
tan tajem denira linggih,
nging winang agarwa ingarasan.

7. Wus mundur sarimpinira,
dyan arya nuli alarih,
arinta atmajeng Tuban,
ki demang myang para rabi,
surak gumuruh nagri,
kang keplok ambata rubuh,
gendhing munya mangraras,
manda-manda ukur muni,
sung cemplunge kinorek mawantya-wantya

8. Dyan arya lawan nonah mas,
jenengira wus kinering,
samya manarik curiga,
ingukelaken mawanti,
saya minguni sari,
sarining kamwa binarung,
ruming abra muncar,
ukel kondhe kebak manik,
gebyar-gebyar lelintang yutan alihan.

9. Runtut pacaking wirama,
astanya awor lan cengkling,
kumrampyang nuksmeng talingan,
sumping tiba kanan kering,
dinulu saya asri,
carempung naracak suku,
rebab nuksmeng udyala,
kang lut munggeng ing ruming,
ponang demung manglung-manglung aneng jangga.

10. Kethuk kumenthuning tindak,
kenong neng ngudhet aminging,
kendhange kongas neng sinjang,
panruse munggweng dariji,
andule gong duk muni,
serenge aneng prembayun,
lelagon awor tindak,
mengenge ngedusi manis,
saronira kang gendhing aneng wardaya.

11. Asajeng anulya ngancap,
cumlorot lir lintang ngalih,
curiganya gebyar-gebyar,
kinatah-kinatu ranggi,
dyan arya saya benthing,
jung karangin maweh wuyung,
lir gambar nuksmeng papan,
angir wayang munggeng kelir,

radyan arya duk ginoco jajanira.

12. Kadi waja ginurenda,
kumepyur ametu geni,
saya dedel ponang raras,
lelagone ngasih-asih,
ebat sagung ingkang wrin,
saya dangu wuwuh baut,
sira atmajeng Tuban,
datansah ngetutken liring,
esemira kapranan anuju manah.

SERAT DAMARWULAN — R. Rangga Prawiradirja

bp PN BALAI PUSTAKA — JAKARTA

Perpustakaan
Jenderal Keb
392.2
RAN
S